ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№147 (24.741) • 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Къалэн нэхъыщхьэр цIыхубэм я Iуэху дэгъэкIынырщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Президентым и деж щыIэ Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ советым и зэIущIэм кърикIуам зэреплъыр къигъэлъэгъуащ:**



- СТРАТЕГИЕ зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ советым и зэIущIэм ди Президент Путин Владимир 2019 - 2024 гъэхэм языныкъуэ лъэпкъ проектхэр зэрагъэзэщIар къыщызэщIикъуэжащ икIи 2025 - 2030 гъэхэм зэфIагъэкIыну къыхалъхьа проект 19-м ятеухуа пщэрылъхэр къигъэлъэгъуащ.

Ди къэралым и экономикэ, социальнэ унэтIыныгъэ псоми лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэситхум щаухуащ икIи щызэрагъэпэщыжащ узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, спорт IэнатIэхэм я IуэхущIапIэу 100-м щIигъу. ЦIыхухэм хуащIэ къэрал IуэхутхьэбзэхэмIя фIагъым хэпщIыкIыу хэхъуащ, ар куэдкIэ и фIыгъэщ IэнатIэхэр бжыгъэр зи лъабжьэ Iуэху зехьэкIэм зэрытехьам. ДэIэпыкъуныгъэ хъарзынэхэр яIэрыхьащ хьэрычэтыщIэ Iуэху мыинымрэ курытымрэ, абы Iэмал къаритащ мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, туризмэм нэхъ жыджэру зрагъэужьыну.

Президентым и жэрдэмхэр хуэунэтIащ цIыхухэм я щыIэкIэпсэукIэр егъэфIэкIуэным. Къэралым и УнафэщIым къыхигъэщащ щIыналъэхэр лъэпкъ проектым жыджэру хэтыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Къалэн нэхъыщхьэр цIыхубэм я Iуэху дэгъэкIынырщ, сабий зиIэ унагъуэхэм, бынунагъуэшхуэхэм защIэгъэкъуэнырщ, дунейм къытехьэ сабийхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэнырщ, къуажэхэм псэукIэр щегъэфIэкIуэнырщ, нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядэIэпыкъунырщ.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхохьэ а Iуэхум щыпашэу къалъыта щIыналъэхэм. Шэч къытесхьэркъым лъэпкъ проектыщIэхэр гъэзэщIэнми дызэрехъулIэнум, къэрал УнафэщIым къигъэува къалэнхэр зэфIэхынымкIэ тхузэфIэкI псори зэрыдлэжьынум.



## ЗэбгъэтIылъэкI мыхъуну пщэрылъхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэр лъэпкъ проектхэр игъэзэщIэным зэрыхуэхьэзыр щIыкIэм. Къинэмыщ Iауэ, и гугъу ящIащ иджыблагъэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIа «зэпыщIэныгъэ занщIэм». Нэхъыбэу къыхагъэщащ цIыхухэр зыщIэлъэIу сабий IыгъыпIэщIэхэр яухуэн зэрыхуейм. Ахэр дащIыхьынущ Старэ Шэрэдж, Гундэлэн къуажэхэм, Бахъсэн къалэм.

- УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа жэрдэмыр ди республикэм диIыгъащ, сабий IыгъыпIэхэм ахъшэ яхуэдутIыпщынущ, унафэр илъэсыщIэм щегъэжьауэ дгъэзэщIэнущ. НэгъуэщI къуажэхэми сабий IыгъыпIэщIэхэр щыдухуэным Iэмал къыхуэдгъуэтыну дыхущIэкъунущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

УФ-м и Президент Путин Владимир Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ советым къыщыщыпсалъэм щыгъуэ, къэрал бюджетыр къытпэщылъ илъэсхэм лъэпкъ проектхэм нэхъ хуэунэтIауэ зэрыщытынур къыхигъэщауэ щытащ. «Нэхъыщхьэращи, дэ долъагъу абыхэм я фIыгъэкIэ сабий IыгъыпIэщIэхэр, школыщIэхэр зэраухуэр, гъуэгухэр зэрызэрагъэпэщыжыр, сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр зэраIэрыхьэр», - жиIауэ щытащ Президентым.

УФ-м и Правительствэмрэ щIыналъэхэмрэ унафэ къыхуащIащ лэжьыгъэм жыджэру пэрыхьэну. Советым и къыкIэлъыкIуэ зэIущIэу мэкъуауэгъуэм екIуэкIынум зрагъэхъулIахэм щытепсэлъыхьынущ. Утыку кърахьа лъэпкъ проект 19-м нэмыщI, Правительствэм къалэн щащIащ иджыри зы игъэхьэзырыну. Президентым къызэрилъытэмкIэ, цIыхухэр арэзы щIыныр сыт нэхъри нэхъапэщ.

## Къалащхьэ гъуэгухэр ирагъэфIакIуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык и гъуэгухэмрэ гъуэгу хозяйствэмрэ зэрызаужьыпхъэм теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэнрэ Налшык къалэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймуразрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ 2028 гъэ пщIондэ Налшык нэхъапэу щызэфIэгъэкIын хуей лэжьыгъэхэм. УхуакIуэхэм Каменскэ, Нэгумэм, КIыщокъуэм, Щорсым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я гъуэгушхуэхэм елэжьын щIадзакIэщ. Ахэм зи пIалъэр икIа бжьамийхэр щызэрахъуэкIынущ, псы жапIэхэр щахъуэжынущ. Къинэмыщ Iауэ, гъуэгубгъум уэшх нэужьым псыр щызэтримыхьэн хуэдэу, ижыпIэхэр хагъэщхьэхукIынущ, цIыху куэд зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэм бгъэдыхьэпIэ хуащIынущ, машинэ гъэувыпIэхэм зрагъэубгъунущ, гъуэгу Iуфэхэм уэздыгъэхэр ирагъэувэкIынущ.

Каменскэ уэрамым зэуэ машиниплI техуэн хуэдэу зрагъэубгъунущ. Шынагъуэншагъэр нэхъыбэ зыщIын Iэмал псори къыщагъэщхьэпэнущ абдежым. «Уафэ къабзэ» программэмкIэ щIы щIагъым щIрагъэубыдэнущ хьэуам хэт кIапсэ псори. Гъуэгубгъухэм лъэс зекIуапIэхэр щыпхашынущ, светофорхэр трагъэувэнущ, уэздыгъэ пкъохэр хатIэнущ, машинэхэр зэрызекIуэм кIэлъыплъ Iэмэпсымэхэри хагъэзэгъэнущ. ЩIэкIэ яхъуэжынущ инженер хуэIухуэщIэхэри. Лэжьыгъэр 2025 гъэм и кIэр къэмысу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Дызыхуэк Iуэ илъэсым зыхуей хуагъэзэнухэм хеубыдэ Руставели, Байсултановым, Кировым, Къэрэшейм я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэри. ИужьреитIым зэуэ машиниплI къыщажыхьыфын хуэдэу зрагъэубгъунущ.

И кIэм нагъэс IуэхущIапIэхэм машинэ бгъэдэлъэдапIэхэр хуащIынущ. ДяпэкIи елэжьынущ къалэм къыдэмыхьэ автомобиль гъуэгухэм, Налшык псыежэхым и Iуфэр цIыхухэм я нэгу зыщрагъэужь щIыпIэ хэгъэщхьэхукIа зэращIыну проектым.

Мы зэманым, Идарым и цIэр зезыхьэ уэрамым хуэзэу, километри 5,2-м нэблагъэ къэрал гъуэгушхуэм йолэжь. Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ абы епха псори нэгъэсауэ зыхуей хуагъэзэну: лъэс зекIуапIэхэри, щхъуантIагъэхэри, и Iуфэм ирикIуэ уэздыгъэхэри.

# ІуэхуфІ зыщІэхэм я зэІущІэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Москва щекІуэкІа «Дэ дызэкъуэтщ» дунейпсо зэхыхьэ иным.**

АБЫ къэрихьэлІат къэрал 40-м къикІа волонтеру мин 20-м щІигъу.

«ЗэІущІэр къыщызэІуах махуэм хьэщІэхэм захуигъэзаш Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. УнафэщІым жиІащ урысей цІыхухэм я Іыхьэ щанэр волонтер Іуэхум зэрыхэтыр. «Мыр щІэ гуэру иджы къежьауэ аракъым, атІэ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм къадекІуэкІыу щыта хабзэщ, ар къагъэщІэрэщІэжу аращ.

Сэ дызоІыгъ Президент Путин Владимир и псалъэхэр: «Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри щыхабзэщ нобэрей волонтерхэм зыхуагъэувыж къалэнхэр. Дэ сытым дежи защІэдгъакъуэу щытащ ди дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм.

Путин Владимир «2024 гъэм и волонтер» зэпеуэм щытекІуахэм саугъэтхэр яритащ, апхуэдэуи «ХъуэпсапІэхэм я псей» Іуэхум хэтащ.

Путиным фІэхъус гуапэкІэ зызыхуигъэза волонтерхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа Байсиев Темиржан, ар «Ни шагу назад» республикэ волонтер зэщІэхъееныгъэм и унафэщІщ, донор Іуэхум жыджэру хэтщ, жылагъуэ лэжьакІуэ жанщ, КъБР-м и Парламентым и депутатщ.

Темиржан иджыпсту нэхъыбэу зиужь итыр дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэм дэІэпыкъуныгъэхэр шэнырщ, дзэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр ди сэлэтхэм ялъэгъэІэсынырщ. АбыкІэ республикэм и цІыхухэр къыкъуэувауэ, Іуэхур зэтеублауэ ирагъэкІуэкІ.

Зэхыхьэ иным хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа волонтер, доброволец нэхъ жыджэру 15. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми я гъащІэм и ныкъуэр ІуэхуфІ, щхьэпэ, гуапэ зэфІэхыным траухуауэ аращ.

Дэ дропагэ ди волонтерхэм икІи ягумрэ я псэмрэ къабгъэдэкІыу ящІэ лэжьыгъэр зэрыуасэншэр къыдолъытэ.

ФІыщІэ яхузощІ ди къэралым дежкІэ мытынш лъэхъэнэм щІалэгъуалэр Хэкум зэрыхуэпэжым, езыхэм я еплъыкІэр пхагъэкІыу зэрыщытым папщІэ», - щетх КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

# Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и еханэ зэхуэсыгъуэм хэтхэр**:

Абэнокъуэ Владимир Къуэдзыкъуэ и къуэр
Алексеевэ Любовь Василий и пхъур
Алябьев Артём Александр и къуэр
Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр
Бажэ Дотий Мустафэ и къуэр
Бэрсэдж Анатолий Мэрем и къуэр
Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр
Бобылёв Валентин Николай и къуэр
Галушко Михаил Анатолий и къуэр
Джэш ФатІимэ Іэюб и пхъур
Головатенкэ Аннэ Василий и пхъур
Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр
Дыджэш Лидие Хьэзиз и пхъур
Дьяченкэ Аннэ Василий и пхъур
Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр
Къагъырмэс Юрий Сослъэнбэч и къуэр
Къаздэхъу Олег Гъумарбий и къуэр
Караев Расул Шарабудин и къуэр
Къарэмырзэ Барэсбий Сулеймэн и къуэр
КІэрэф Мурадин Ахъмэтхъан и къуэр
Кокутенкэ Еленэ Владимир и пхъур
Колесников Юрий Александр и къуэр
Коротченкэ Виктор Валентин и къуэр
Литвинов Роман Анатолий и къуэр
Мэзукъэбз Аслъэн Мухьэмэд и къуэр
Мэкъуауэ Лиуэза Мыхьэмэт и пхъур
Маслов Николай Александр и къуэр
Михайленкэ Ольгэ Иван и пхъур
Нэгъуей Валерий Хьэчим и къуэр
Накуэ Феликс Руслан и къуэр
Нало Юрий Залым и къуэр
Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр
Павленкэ Владимир Порфирий и къуэр
Пашалиев Ильяз Нияз и къуэр
Полиенкэ Ольгэ Иван и пхъур
ПщыхьэщІэ Лейлэ Хьэсэн и пхъур
Селяев Азрэталий Хьэсэн и къуэр
Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр
Текуев Аслъэн Лиуан и къуэр
Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр
Туменов Мурадин Хьэдис и къуэр
Тутыкъу Джульеттэ Алексей и пхъур
Улаков Махъты Зейтун и къуэр
Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъур
Шэрджэс Руслан Владимир и къуэр
Чеченов Георгий Аллахберды и къуэр
Шабаев Леви Меир и къуэр
Щауей Артур Нажмудин и къуэр
Шапсыгъ Азрэт Мухьэмэд и къуэр
Щэрдан Нодар Іэбу и къуэр
Шинкаревэ Наталье Пётр и пхъур
Щоджэн Мартуз Борис и къуэр
Якушенкэ Сергей Николай и къуэр
Яхэгуауэ Сергей Сэфарбий и къуэр



# ЛІыгъэр зыщагъэгъупщэркъым

**КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ щрагъэкІуэкІащ «Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуа тест» дунейпсо Іуэхур. Ар къызэрагъэпэщащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и ЩІалэгъуалэ палатэмрэ «Урысейм и дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ-къэрал ІуэхущІапІэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэмрэ.**

ЩІАЛЭГЪУАЛЭ палатэм и унафэщІ АфэщІагъуэ Анзор зэхыхьэр къыщызэІуихым, къыхигъэщащ Налшык къалэм и курыт школхэм я еджакІуэ 60-м щІигъу Хэкум и тхыдэр фІыуэ зэращІэр къапщытэжыну КъБР-м Парламентым къызэрырагъэблэгъар. Апхуэдэуи абы дыщІигъуащ ТекІуэныгъэ Иныр зэрыдгъэлъапІэрэ илъэс 80 щрикъур къызэрыблэгъам теухуауэ къыхалъхьа Іуэхум и мыхьэнэр нэхъ ин зэрищІыр. «Мы ІуэхумкІэ щІалэгъуалэм Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыщу зыщыгъуазэр къагъэлъэгъуэным и мызакъуэу, абы и ужькІэ нэхъыбэж къызэращІэнум, я щІэныгъэм хагъэхъуэну зэрыхуеинум шэч къытетхьэркъым», - жиІащ АфэщІагъуэм.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ жиІащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм иджы япэу «Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуа тест» дунейпсо Іуэхур зэрыщрагъэкІуэкІыр. «Ди зэманым тхыдэм и фэеплъыр хъумэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ XXXIII дунейпсо дин-жылагъуэ зэхуэсым хыхьэу зэІущІэ иригъэкІуэкІати, зы гупсысэ нэхъыщхьэу абы къыхэсхащ. Нобэ, дэ, ди лъэхъэнэм къриубыдэ цІыхухэр, 1941 - 1945 гъэхэм лІыгъэ зезыхьахэм я лІыхъужьыгъэм драхъумакІуэщ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм хъыбархэр жаІэжу зэхэтхащи. Псалъэм папщІэ, сэ си адэанэр зауэм хиубыда сабийхэм ящыщт. Абыхэм ди деж къахьэса тхыдэр къыткІэлъыкІуэ щІэблэми еттыжын хуейщ. А зэпыщІэныгъэр зыщІыпІэ деж къыщызэпыудмэ, ди къэкІуэнур зыхуэдэ хъунур зыми ищІэркъым. Тхыдэр хъумэн хуейщ, къэралым адэкІэ зиужьыфын папщІэ. Фэ фэлъытащ а Іуэхур. Урысейр сыт хуэдэ зэманми пэжым, захуагъэм и телъхьэу къекІуэкІащ, иджыпстуи зи ужь итыр аращ», - жиІащ Емузым.

«Ди гум илъщ, зыри тщыгъупщакъым» псалъэхэм гупсысэшхуэ ящІэлъщ - Хэку зауэшхуэм хэкІуэда цІыху мелуан 27-м я гъащІэр къызэщІиубыдэу. Абыхэм я псэр ятащ нобэ дэ мамыру дыпсэун папщІэ. Тхыдэр зэзыхъуэкІыну и ужь итхэм дапэщІэтын хуейщ, ди лІыхъужьхэм я фэеплъу. Шынагъуэкъым нобэ упщІэхэм я жэуапхэр псори фымыщІэми, ауэ шынагъуэщ абыхэм зыщывгъэгъуэзэну фыхуэмеймэ. Абы къыхэкІыу сынывохъуэхъу зэпымыууэ фи щІэныгъэм хэвгъэхъуэну гукъыдэж фиІэну», - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин щІалэгъуалэм защыхуигъазэм.

КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІхэм ящыщ, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Безгодькэ Владимир Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ. Депутатым жиІащ Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуа тестыр КъБР-м и Парламентым деж щимызакъуэу, республикэм и щІыпІэ 400-м щІигъум къызэрыщызэрагъэпэщар. «Тхыдэм и пэжыпІэр хъумэным иужьрей зэманым мыхьэнэшхуэ иІэ хъуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэр мы Іуэхум зэрыпэлъэщар. Къэрал куэд иджыпсту хэтщ Совет Союзым и ТекІуэныгъэр ягъэлъэхъшэну. Германием и щІалэгъуалэм и процент 25-рщ къэзылъытэр ди къэралым ТекІуэныгъэр къихьауэ. США-м, Англием, Франджым щымащІэ дыдэщ апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр дэзыІыгъыр. Аращ тхыдэм гулъытэ хуэтщІын щІыхуейр», - жиІащ къэпсэлъам.

ЩІалэгъуалэм упщІэ 40-м жэуап иратащ. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІамкІэ, ахэр зэхагъэуващ «Урысейм и дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэ» ІуэхущІапІэм и тхыдэдж нэхъыфІхэм.

КъищынэмыщІауэ, еджакІуэхэр ирагъэплъащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъум теухуауэ ягъэхьэзыра фильмым. ИужькІэ Іуэхум хэтахэм щыхьэт тхылъхэр иратыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 7**, *щэбэт*

♦**ЦІыхухэр къызэрырашэкІ авиацэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и Дзэ-Хьэрш Къарухэм я инженер-авиацэ къулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ**
♦**Къэрал Эрмитажыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1725 гъэм** Петербург щызэхэтащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и япэ зэхыхьэр.
♦**1958 гъэм** РСФСР-м и тхакІуэхэм я япэ съездыр къызэІуахащ.
♦**1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я Штаб Нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.
♦**1929 гъэм** къалъхуащ уэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шэрий Иринэ**.
♦**1953 гъэм** къалъхуащ Сирием щыщ адыгэ кинорежиссёр, Японием, Иракым, Иорданием щекІуэкІа кинофестивалхэм я саугъэтхэр зыхуагъэфэща **Анзор Нэждэт**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Андемыркъан**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ АР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Еутых Іэсият**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым 1 градус щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 4 - 5-кІэ зихъуэжынущ.

**Дыгъэгъазэм и 8**, *тхьэмахуэ*

♦**СурэтыщІым и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей казначействэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**Геноцидым и вакъэхэр къызэщІэпщэжын, геноцидыр къыщагъэкІыж, геноцидыр мыдэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Іулъхьэ тын-къеІыхыным пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапІэ Хэкум и ЛІыхъужьхэм я махуэр**
♦**Урысейм и гъущІ гъуэгу транспортым шынагъуэншагъэм щыкІэлъыплъынымкІэ и ІэнатІэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1802 гъэм** къалъхуащ урысей армэм и генерал-майор, къэралым и дамыгъэ лъапІэ куэд зыхуагъэфэща **Анзор Хьэту**.
♦**1962 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Щохъужь Замир**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым I градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 9**, *блыщхьэ*

♦**ЛъэпкъгъэкІуэд щІэпхъаджагъэм хэкІуэдахэр ягу**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым градус 0 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

**Лъэпкъ Іущыгъэ**:

**ЩІалэгъуэрэ дахэгъуэрэ зимыІэ щыІэкъым.**

**● Дыгъэгъазэм и 9-р Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэщ**

# Къэхъундэсхэр зэрыгушхуэ щIалэ хахуэхэр



Дэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъуныр къызэзыгъэпэщ бзылъхугъэхэр.

**Къыщалъхуа хэкум хуэпэжу, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу псэурщ цIыху нэсу игъащIэми къалъытэр. Апхуэдэ щIалэ щыпкъэхэр зэрыдиIэр наIуэ къищIащ иужьрей илъэсхэм Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIэ зэпытщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ хахуэхэр зэуапIэ губгъуэм лIыгъэ яхэлъу зэритыр, псоми ди зэхуэдэу дызыпэплъэ ТекIуэныгъэмрэ мамыр гъащIэмрэ ди щIалэхэр псэемыблэжу зэрыщIэзэур.**

РЕСПУБЛИКЭМ и сэлэт хахуэхэм я лIыгъэу нобэ зэхэпхым уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым, ауэ нэхъ иныжу узыIэтыр уи къуажэгъуу, благъэу, Iыхьлыуэ абы щыIэхэм я цIэхэрщ.

Балигъхэр ирипагэрэ ныбжьыщIэхэм щапхъэ яхуэхъуу, сэ сызыщыщ Къэхъун къуажэм дэкIащ щIалэ куэд. ИкIи лIыхъужьхэм я цIэр псоми ящIэн, зэрахьэ лIыгъэм къыдэкIуэтей щIэблэр щагъэгъуэзэн папщIэ дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди къуажэгъухэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэ япэ дыдэу къыщызэрагъэпэщащ Къэхъун дэт 2-нэ курыт еджапIэм. НобэкIэ къапщтэмэ, Къэхъун щыщу дзэ Iуэху хэхам щыIэр 80-м щIегъу. Зи гугъу сщIы гъэлъэгъуэныгъэр апхуэдэу зэтегъэпсыхьащи, сурэтыщIэхэр къыфIалъхьэ, лIыхъужьхэм я хъыбархэр къаIэрохьэ, къэрал дамыгъэхэр къызыхуагъэфащэхэм я дэфтэрхэр зэхуахьэс. УФ-м и Президентым, УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым я УнафэкIэ, дзэ Iуэху хэхам хэт щIалэ 50-м (Къэхъун дэт школитIым я еджакIуэу щытахэм) къэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэрагъэпэща тхыдэмкIэ пэшыр зы университет псо ирокъу къыдэкIуэтей щIэблэр щебгъэджэнымкIэ, щыбгъэсэнымкIэ, хэкум, лъэпкъым яхуэфащэу къэбгъэхъунымкIэ. Абы щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI «ЛIыгъэм и дерсхэр», дерс зэIухахэр, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр. Къэхъун школакIуэхэр зыщIапIыкIыр хамэхэм я лIыгъэракъым, атIэ я къуажэгъухэм, къуэшхэм, Iыхьлыхэм нобэ дзэ Iуэху хэхам къыщагъэлъагъуэ хахуагъэмрэ щыпкъагъэмрэщ. ЩIалэхэм ящыщ и зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр къэсу къэкIуэжамэ, кърагъэблагъэри, еджакIуэхэм хуагъазэ.

Блыным фIэлъ, дзэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа сэлэтхэм я сурэтхэм нэмыщI, тхыдэмкIэ пэшым щыболъагъу дэтхэнэ щIалэми зыпэрыт къулыкъум щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр. Абыхэм я цIэхэр тхыдэм хатхащ я хэкум хуэпэжу, я щIыналъэр яхъумэу, я къэкIуэнур мамыру щытыным псэемыблэжу зэрыхущIэкъумкIэ. Сыту хъыбар гъэщIэгъуэн куэд яIэ щIалэхэм, сыту лIыгъэшхуэ яхэлъу къызэранэкIрэ зэрыхуэ псэзэпылъхьэпIэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми щхьэхуэу утетхыхьыну къелэжь, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къэралым и пащхьэ щиIэ къалэныр нобэ дзэ Iуэху хэхам щрехьэкI пщIэрэ щIыхьрэ пылъу.

Къэхъундэсхэр зыщIапIыкI хэкупсэ гъэсэныгъэм и лъабжьэ бydэщ тхыдэмкIэ пэшыр. Ар къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуащ тхыдэмкIэ егъэджакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Шыбзыхъуэ Хъамсинэ. Ар зиужь ихьа Iуэхур Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонидрэ 2-нэ курыт еджапIэм и унафэщI Джатокъуэ Риммэрэ (абы и щIалэри ящыщщ дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм) къыдаIыгъри, гъэлъэгъуэныгъэ зэгъэпэщар къызэIуахащ республикэм щыяпэу. ЩIалэхэм я сурэтхэмрэ я дэфтэрхэмрэ нэмыщI, абы ущрихьэлIэнущ ди къуажэгъухэм зауэ губгъуэм кърагъэха Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм, езыхэм фронтым щаIыгъа хьэпшыпхэм, ящыгъа фащэхэм, нэгъуэщIхэми. ШколакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, унафэщIхэр, адэ-анэхэр жыджэру хэтщ дзэ Iуэху хэхар къызэрежьэрэ къэралым къыщаIэт проектхэмрэ акцэхэмрэ. Апхуэдэу «Сэлэтхэм хуатх письмо» Iуэхум хэту ныбжьыщIэхэм я къуажэгъухэм хуагъэхьа письмохэм зы плIанэпэ яубыд. Къэхъун ирагъэха тхыгъэхэр зыIэрыхьа сэлэтхэм я фIыщIэ псалъэхэр видеокIэ къыхурагъэхьыжащ ныбжьыщIэхэм, хэти письмор иIыгъмэ, нэхъ къищтэу къигъэнащ, хэти школ музейм щахъумэмэ, фIэфIу кърагъэхьыжащ.

Апхуэдэ зэпыщIэныгъэ гуапэхэр я зэхуаку дэлъщ къуажэдэсхэмрэ зауэ губгъуэм ит къэхъундэсхэмрэ. Ар зи фIыщIэр къуажэ администрацэм и унафэщI Къандэхъу Леонидщ, зэпэщIэувэныгъэр къызэрыхъейрэ Iуэхум жыджэру хэт щIалэхэрщ, егъэджакIуэхэрщ, адэ-анэхэрщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, фронтым Iут ди щIалэхэм 11-рэ якIэлъыкIуащ альпинист цIэрыIуэ Шыбзыхъуэ Казбек, зыбжанэрэ - Шакъ Заур, жылэм щызэхуахьэса гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр хуашэурэ. Мы Iуэхум апхуэдизкIэ жылэдэсхэм ягурэ я псэрэ етащи, къуажэ Iэтащхьэм зы машинэ щигъакIуэм деж, етIуанэ машинэм къуажэдэсхэм из ящIыф. Апхуэдэуи къуажэдэсхэм къабгъэдэкIыу ди щIалэхэм зауэр щекIуэкI щIыпIэм хуахуащ «УАЗ» автомашинэр, щыгъын, ерыскъы, зауэлIхэм къагъэсэбэпын хьэпшыпхэр изу илъу.

Къуажэ администрацэм, лъэпкъ щхьэхуэхэм зэхуахьэсхэм нэмыщI, школми кърахьэлIэ ерыскъыхэмрэ хьэпшыпхэмрэ. Хъамсинэ къызэрыджиIамкIэ, школым щылажьэ егъэджакIуэхэр, класс унафэщIхэр, 1-нэ классым къыщегъэжьауэ 11-нэ классым нэс щIэс сабийхэр лъэныкъуэкIэ къэмынэу хьэлэлу хэтщ апхуэдэ Iуэхухэм. Дапщэрэ машинэ ирамыгъэжьами, курыт школ №2-м щеджэхэмрэ щылажьэхэмрэ я Iыхьэ хамылъхьэу зэи къэнакъым. Зи бын школым щемыджэ унагъуэхэми къокI дэIэпыкъуныгъэр. КIэщIу жыпIэмэ, жылэм дэс псори жумарту зэкъуоувэ. Пхъэщхьэмыщхьэхэр ашыккIэ, IэфIыкIэхэр, фIэIугъэхэр, уеблэмэ шхын пщэфIар термосышхуэхэм иту ягъэхьэзырурэ ирагъашэ. Ежьэгъуэ къэс зы былым иукIыурэ, лы килограмм 200 - 300 ирегъашэ хьэрычэтыщIэ Шыбзыхъуэ Амурбэч. Дэтхэнэми и цIэр къытхуиIуэну къыщIэкIынкъым, ауэ ар къалэну къащымыхъуу, я псэр етауэ мы Iуэхум къуажэр зэрыхэтым гур хегъахъуэ.

Апхуэдэ щIыбагъымрэ щIэгъэкъуэнымрэ губгъуэм ит сэлэтым къызэрыхуэсэбэпыр шэчыншэщ. Уеблэмэ, а гулъытэм нэхъри лIыгъэ къахилъхьэу, нэхъыбэм тригъэгушхуэу, щIыпIэ шынагъуэм щагъакIуэ пIалъэр ящигъэпсынщIэу къыпщохъу. Апхуэдэ дыдэу зи бын зауэм щыIэ адэ-анэр зэрыпIейтейри егъэмащIэ абы. Абыхэм сытым дежи фIыщIэ хуащI къуажэ Iэтащхьэм, гулъытэ хэха къазэрыхуищIым папщIэ, машинэкIэ дэIэпыкъуныгъэр зышэхэм, ар зэхуэзыхьэсхэм, лъэпэд нэхъ мыхъуми къезыхьэлIэ къуажэдэсхэм. ПсалъэкIэ къыпхуэIуэтэнукъым абыхэм я гум щыщIэмрэ я къуажэгъухэм зэрахуэарэзымрэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, зауэм зыгуэр хэмыкIуадэу къэхъуркъым. Дзэ Iуэху хэхам щыIэ къэхъундэсхэм яхэтщ иджыпсту зи хъыбар ямыщIэ зы щIалэрэ лIыгъэщIапIэм икIуэда сэлэтиплIрэ. Абыхэм зэрахьа хахуагъэр, я фэеплъыр мыкIуэдыжыну къуажэ, лъэпкъ, щIыналъэ, къэрал тхыдэм къыханащ. Ахэр псэу пэлъытэщ, я хъыбар къыдэкIуэтей щIалэгъуалэм яIуэтэху, я цIэхэр щапхъэу къраIуэху.

«ТекIуэныгъэр дыдейщ» псалъафэр жаIэу куэдрэ зэхыбох сэлэтхэми къэрал къулыкъущIэхэми. Къэхъун икIа щIалэхэм я лIыгъэмрэ абыхэм иригушхуэу къуажэдэсхэм кIэлъызэрахьэ гулъытэмрэ плъэгъуа нэужь, а псалъэхэр быдэу уи фIэщ мэхъу!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ и къудамэм и унафэщI, АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*



ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэм щIэса ныбжьыщIэхэр.



# ЛIыгъэм и дерс

**Пщэдей, дыгъэгъазэм и 9-р, Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэщ. Урысейм судкIэ тезыр зытралъхьахэм ар егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и ветеранхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ абы хуэгъэпса Iуэху щхьэпэ къызэрагъэпэщащ - Налшык къалэ дэт гимназие №13-м и 10 - 11-нэ классхэм щеджэхэм лIыгъэм и дерс драгъэкIуэкIащ.**

САСЫКЪ Анзор, Быф Беслъэн, Созэрыкъуэ Анзор сымэ школакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ ЛIыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща я лэжьэгъухэм.

- Мы махуэм дэ дигу къыдогъэкIыж КъБР-м и уголовнэгъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу террористхэм яIэщIэкIуэдахэр. Абыхэм къэмылэнджэжу икIи лIыгъэ яхэлъу управленэр яхъумащ Iэщэкlэ зэщIэузэда бзаджащIэхэр къыщытеуам икIи къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъагэхэр, - ядэгуэшащ школакIуэхэм къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникыу пенсэм щысым. УИС-м и ветераным къыхигъэщащ ФСИН-м и щIыналъэ Управленэм и сатырхэми ноби зэрахэтыр орден, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр къэзылэжьахэр.

ШколакIуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуат хьэщIэхэм я IэщIагъэр. Абыхэм упщIэхэр иратащ я къулыкъум епха еджапIэ нэхъыщхьэхэм узэрыщIэтIысхьэнум, я деж лэжьапIэ узэрыувынум теухуауэ. КадрхэмкIэ, гупым гъэсэныгъэ, социальнэ лэжьыгъэхэр ядегъэкIуэкIынымкIэ къудамэм и инспектор нэхъыжь Созэрыкъуэ Анзор яжриIащ юриспруденцием къыщыщIэдзауэ хъыбар технологиемкIэ IэщIагъэлIхэм я деж щыщIэкIыжу я зэфIэкI а IэнатIэм зэрыщагъэлъэгъуэфынур.

**БАХЪСЭН Ланэ**.



# Я лэжьакIуэхэр ягъэлъапIэ

**Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ я шофёрхэм ведомствэ дамыгъэхэр щрата Iуэху гуапэ.**

2022 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 2024 гъэм и мэкъуауэгъуэм къриубыдэу Урысей МЧС-м и щIыналъэ управленэм Белгород областым щылэжьэну игъэкIуащ мафIэс гъэункIыфIыным сыткIи хуэщIа, шэ зыпхымыкI цистернэ, шоферитI щIыгъуу. Мазэ къэс зэрахъуэкIащ а машинэр зезыгъакIуэхэр. Белгород щыщ я лэжьэгъухэм яхузэфIэкIкIэ ядэIэпыкъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху 36-рэ. Ди щIалэхэр жыджэру ядэлэжьащ Белгород областым и мафIэсгъэункIыфIхэм. Ахэр хэтащ мафIэ зыщIэна унэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ лыгъэр щыгъэункIыфIыным, къызэтещэщахэр зэпкърыхыным, къэрал гъунапкъэм Iус Белгород областым хыхьэ щIыпIэхэм щыпсэухэм ядэIэпыкъуным, ахэр псэзэпылъхьэпIэхэм къыхэшыным.

ГуфIэгъуэ зэхуэсым къыщыпсэлъащ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-майор Надежин Михаил. «Топышэхэр къателъалъэми, я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ емыблэжу Управленэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм екIуу зэфIахащ къапэщыт къалэнхэр», - къыхигъэщащ абы.

МафIэс гъэункIыфIыным къыщагъэлъэгъуа хахуагъэм, лIыхъужьыгъэм, я IэщIагъэм зэрыхуэIэижьым папщIэ ведомствэм и дамыгъэхэр иратащ цIыху куэдым.

«И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу» бгъэхэIу дамыгъэр хуагъэфэщащ Бэрбэч Мухьэмэд МуIэед и къуэм.

«МафIэсгъэункIыфI нэхъыфI» бгъэхэIу дамыгъэр иратащ: Гуэнгъэпщ Ильяс Хьэталий и къуэм, Дыджэ Феликс Хьэдис и къуэм, Елъкъэн Альберт Данял и къуэм, Жабоев Даниял ЖэбрэIил и къуэм, Жан Мыхъутар Борис и къуэм, Зэшэз Мартин Станислав и къуэм, Индрокъуэ Мартин Мухьэдин и къуэм, Къалэбатэ Мурат Аслъэнбий и къуэм, Къэрмокъуэ Тембот Хъалиф и къуэм, Къатинэ Залым Мухьэмэдин и къуэм, Куэцэ Хьисэ СулътIан и къуэм, Махиев Ильяс Алий и къуэм, ТекIужь Алим Беслъэн и къуэм, ХьэцIыкIу Алим Руслан и къуэм, Хьэшкул Руслан Ризиуан и къуэм, Цырхъ Мурат Алексей и къуэм, Шаваев Валерэ Хьэдис и къуэм, Щоджэн Аслъэн Арсен и къуэм, Щоджэн Руслан Хьэмидбий и къуэм, Шурдым Беслъэн Хьэбыж и къуэм.

**УАРДЭ Жантинэ**.

● Журналист зэдэлэжьэныгъэ

# ЕфIакIуэ зэпыту къогъуэгурыкIуэ

**Адыгэ Республикэм мы гъэм игъэлъэпIащ ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 33-рэ зэрырикъур. Абы ирагъэхьэлIащ «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм я журналистхэр «Адыгэ макъым» дызэрыригъэблэгъар. Республикэр къызэрыунэхуам и гугъу тщIын ипэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ и теплъэкIи, псэукIэкIи, IэмалкIи ефIакIуэ зэпыту Адыгейр къызэрыгъуэгурыкIуэр. Нобэ абы уи нэгу къыщыIуедзэ унэщIэхэр, гъуэгущIэхэр, IуэхущIапIэщIэхэр куэду къызэрыщызэIуахыр, цIыхухэр нэжэгужэу, зыхуей хуэзэу зэрыщыпсэур.**

## Къэралыгъуэм и къежьапIэр

Тхыдэм и напэкIуэцIхэм уриплъэжмэ, 1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м ВЦИК-м и Президиумым Унафэ къыдигъэкIауэ щытащ Шэрджэс (Адыгей) автоном область зэраухуэмкIэ. Абы и цIэр 1922 гъэм шыщхьэуIум и 24-м Адыгей (Шэрджэс) автоном областу зэрахъуэкIат. 1937 гъэм щегъэжьауэ Адыгей автоном областыр Краснодар крайм хыхьэу щытащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Адыгейр къэраллъэпкъ щIыналъэхэм ящыщу блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ирихьэлIэу япэ дыдэу щIэныгъэншагъэр зыгъэкIуэдахэм язщ, колхозхэр къызэгъэпэщынымкIи япэ итащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм областым и цIыху мин 80 фронтым Iухьащ я хэкум и щхьэхуитыныгъэр яхъумэну. Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ Адыгейм щыщу цIыху 52-м, абыхэм ящыщу 7-р адыгэт.

Адыгэ хэгъэгум и гуащIэрыпсэухэм зэи я гъунэгъухэм зыкъыкIэрагъэхуакъым, сытым дежи зыужьыныгъэ гъуэгум тетт, зауэ нэужь лъэхъэнэми экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэфIэгъэувэжыным, псэукIэр егъэфIэкIуэным жыджэру телэжьащ. Абы щыгъуэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Адыгейм Лениным и орденыр (1957 гъэ), Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и орденыр (1972 гъэ) къыхуагъэфэщащ.

1990 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м Адыгей областым и цIыхубэ депутатхэм я Советым тхыдэ мыхьэнэ зиIа сессие ирагъэкIуэкIауэ щытащ, автоном областыр РСФСР-м хэгъэгу щхьэхуэу хэгъэхьэным теухуауэ. Жэщ хъуху екIуэкIа зэIущIэм и кIэухым утыку кърахьауэ щытащ РСФСР-м Адыгей Автоном Советскэ Социалистическэ Республикэ зэриIэм теухуа унафэр. Абы папщIэ депутат 63-м арэзыуэ Iэ яIэтат, 43-р арэзытэкъым, 2-р гуитIщхьитIт.

## Хэгъэгу щхьэхуэ мэхъу

Адыгейр хэгъэгу щхьэхуэу Урысей Федерацэм хэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ РСФСР-м и цIыхубэ депутатхэм я II съездым. Ар 1990 гъэм екIуэкIащ икIи «РСФСР-м и къэрал суверенитетым и декларацэр» и тегъэщIапIэу РСФСР-м и Конституцэм и 71-нэ, 82-нэ, 84-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. А зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, Урысейм и автономнэ областхэр крайхэм къыIахыжри, Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэ хъуащ. Ар конституцэкIэ щIагъэбыдащ 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м.

ИужькIэ, 1991 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м, Адыгей ССР-м къэрал суверенитетым и Декларацэр къищтащ. Къэралым и Президент Ельцин Борис 1991 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м Iэ щIидзащ «Адыгей Автоном областыр РСФСР-м хэт Адыгей Совет Социалистическэ Республикэ зэращIам теухуауэ» РСФСР-м и Унафэм. Абы къыщыхьат щIэуэ зэрагъэпэща щIыналъэм Адыгейм ис лъэпкъ псоми хуитыныгъэ щаIэу, цIыхум и хуитыныгъэр хъумэныр япэ ирагъэщу зэрыщытынур.

Абы къыкIэлъыкIуэу унафэ тращIыхьащ Урысейм и хэгъэгущIэм хабзэ къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэр иIэн зэрыхуейм. ИкIи РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэкIэ ар хуит ящIащ и щIыналъэм и тхыдэм щыяпэ Парламент къызэригъэпэщыну, депутати 100 хэту.

## Адыгэ лъэпкъыр къызэщIекъуэ

Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ автономием къыкIэлъыкIуэу республикэ хъуа щIыналъэм адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIам. Кавказ зауэжьым иужькIэ, 1897 гъэм ирагъэкIуэкIауэ щыта къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Кубань и Iэгъуэблагъэм иса ди лъэпкъэгъухэр абы щыпсэу цIыхухэм я проценти 2 къудей хъууэ арат. ЦIыху мини 192-рэ исти, абы щыщу мин 30-рт адыгэр. А бжыгъэм хэтт Щхьэщэхуж щыпсэухэри, хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъхэри. Иджыпсту республикэм адыгэ мин 27-рэ исщ. Автономием лъэпкъыр нэхъ зэщIикъуащ. Хьэхъурэт Щыхьынджэрий хэкум пашэ хуэхъуат абы щыгъуэм. Республикэр щIыналъэ щхьэхуиту зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт экономикэмрэ щэнхабзэмрэ къэIэтыным. Арауэ жыпIэ хъунущ щIыналъэр зыгъэбыдар.

## Къэрал ныпу къащтэ

Къэралыгъуэ зэрыхъуам и нэщэнэ ныпыр, гербыр, гимныр къащтащ. Зэманыр зэрыхьзэрийуэ, зэпэщIэувэныгъэхэр щыкуэду щытами, ди лъэпкъэгъухэм яхузэфIэкIащ адыгэ лъэпкъым и ныпыр къэрал ныпу кърагъэщтэн. Абы папщIэ Адыгейм и лIыкIуэхэр Санкт-Петербург щыIэ геральдикэ комиссэм ягъэкIуауэ щытащ. Лъэпкъ ныпым и теплъэри пхъуэж зэрымыхъунур щрагъэдащ абы. НэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIауэ республикэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэри хъума хъуным и нэщэнэу, Джарым Аслъэн къыхилъхьэри, ди лъэпкъ бэракъыр Адыгейм и къэрал IуэхущIапIэ псоми фIадзащ. Илъэси 160-рэ зи ныбжь лъэпкъ ныпыр нобэ къэрал мыхьэнэ зиIэ хъуащ. ИужькIэ зэныкъуэкъуи къиини къыхэмыкIыу гербымрэ гимнымрэ къащтащ.

## ЛIыщхьэхэм я зэфIэкI

Республикэм зэманым декIуу зэрызиужьым я фIыгъэшхуэ хэлъщ илъэс зэхуэмыдэхэм абы и унафэщIу щытахэу Джарым Аслъэн (1992 - 2002), Щэумэн Хьэзрэт (2002 - 2007), ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий (2007 - 2017), 2017 гъэ лъандэрэ Iэтащхьэ къулыкъум пэрыт КъумпIыл Мурат сымэ.

Урысейм къыщрахьэжьэ Iуэхухэр нобэ республикэм жану щызэфIах, бгъэдэлъ беягъхэмкIэ къэралым щынэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и нэIэ тетщ экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэр зыгъэпIейтейхэр зэфIэхыным, абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным теухуауэ щыIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпыным. А псори цIыхубэм зэхащIыкIыу, зэгурыIуэузэдэIуэжу, ефIакIуэ зэпыту мэпсэу илъэси 100-м нэблагъэ гъуэгуанэ зи щIыбагъ къыдэлъ Республикэр.

ПсэукIэм ехьэлIа Iуэхур псом япэ ирегъэщ УнафэщIым, сыт хуэдэ Iэмал щыIэми къегъэсэбэп, нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я гуныкъуэгъуэхэр елъагъу, жаIэхэр зэхех, къыхуатххэм йоджэри, ахэр и лэжьыгъэм щыщ мэхъу. Министерствэхэм къалэн щхьэхуэу яхуегъэув федеральнэ къулыкъущIапIэхэм жыджэру ядэлэжьэну, сэбэпынагъ куэд къахуэзыхь лъэпкъ проектхэр, къэрал, республикэ программэхэр и чэзум зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъуным быдэу кIэлъоплъ.

## Иджырей Адыгейр

Адыгейм и псэукIэр зэрефIакIуэм, зэрызиужьым абы щыпсэухэми хьэщIэу еблагъэхэми гу лъатэ. Я гъуэгухэр, жылагъуэ щIыпIэхэр дахэу зэрагъэпэщ, спортым, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным ехьэлIа IуэхущIапIэхэр къызэIуах. ЦIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьыну щIыпIэхэр и куэдщ, сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри Мейкъуапэ щыбгъуэтынущ, щIыналъэхэмрэ жылэхэмри еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр къыщызэIуах. А псор и щыхьэтщ Урысейм и Ипщэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм ящыщу зыужьыныгъэмкIэ Адыгейр япэ зэритым.

ИджыкIэ АР-р дуней псом къыщацIыху лъахэ дахэщ. Абы и щIыуэпсыр, бгылъэ щIыпIэхэр, псыкъелъэхэмрэ ежэххэмрэ зэ зылъэгъуауэ димыхьэха щыIэу къыщIэкIынкъым. Адыгэ къафэмрэ макъамэмрэ, утыку ит къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъуж «Налмэсымрэ», «Ислъэмеймрэ», IэпэIэсэу, зэчиифIэу, щIэныгъэлIу, тхакIуэу, сурэтыщIу ис цIыху цIэрыIуэхэр уи нэгу къыщыщIыхьэкIэ узэрыадыгэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

ПсэукIэр тынш ищIу, гугъапIэфIхэр уигъэщIу апхуэдэщ республикэм и экономикэм зэрызиужьыр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, республикэм щащIхэмрэ къыщыщIагъэкIхэмрэ хуэдэ 1,9-кIэ хэхъуащ иужьрей илъэсхэм. Ахэр 2018 гъэм сом меларди 120-рэ и уасэ хъууэ щытамэ, нэгъабэ сом мелард 231,9-м нагъэсат, нобэ республикэм и зыужьыныгъэм инвестицэу къыхалъхьэр сом мелард 60-м щIегъу. Адыгейм и ЛIыщхьэм сыт щыгъуи къыхегъэщ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ я фIыгъэкIэ куэд зэрызэфIагъэкIыр, цIыхухэм я псэукIэр нэрылъагъуу зэрефIакIуэр. КъумпIыл Мурат зэрыжиIэмкIэ, мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэхэм ящыщщ промышленностымрэ туризмэмрэ зегъэужьыныр. Промышленность и лъэныкъуэкIэ зи гугъу щIыпхъэр Тэхъутэмыкъуей районым щаухуэ «Инэм» промышленнэ паркырщ. Абы гектар 200 еубыд. IуэхущIапIэу 50 хуэдиз хэтщ, абы инвестицэу сом мелард 65-м нэс къыхэкIынущ, цIыху мини 10-м лэжьыгъэ IэнатIэ щагъуэтынущ. Туризмэм щыщыIэ зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу пщIымэ, «Лагъуэнакъэ» лыжэкIэ къыщежэх щIыпIэ хуащIынущ, абы инвестицэ ахъшэу сом мелард 60 хуэдиз халъхьэнущ, цIыху мини 2,5-рэ зыщIэхуэн хьэщIэщхэр щащIыну. Абыи Адыгейм и цIыхуу мини 2 хуэдизым лэжьапIэ щагъуэтынущ. Шэч хэмылъуи, абы и фIыгъэкIэ хэхъуэнущ зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм.

Дэнэ щыпсэу адыгэми адэжь хэкуу къилъытэ Адыгейр нобэ зэманым декIуу мэбакъуэ, лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр щызэрахьэ, бзэр щрагъэдж, экономикэ, ухуэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, спорт IэнатIэхэм къызэтемыувыIэу заужь.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**







# Адэшхуэм и тхыгъэ кIэщI

**Шэджырэ Хьэбалэ Хьэбыж и къуэр дунейм зэрехыжрэ илъэс 11 ирикъунущ. Ар си адэшхуэщ, Тэрч районым хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм щыпсэуащ, лэжьыгъэм и ветерант. ЗэрысщIэмкIэ, ар журналист IэщIагъэм ехъуапсэу щытащ, адыгэ газетри зы илъэс къимыгъанэу тридзэрт. Езыр мыпсэужми, къытхуигъэна мы тхыгъэ кIэщIыр дунейм къытезгъэхьэну сыхуейт. Абы къыхэпхын дерс хэлъу къызолъытэ.**

*«НОБЭ дызыхэпсэукI дунейм ди нэгу щIегъэкI къэралхэм яку къыдэхъуэ зауэхэр. ТелевизоркIи долъагъу, печатми къытохуэ махуэ къэс лъыгъажэрэ бэIутIэIурэ гъунэжу зэрыщыIэр. ЦIыху къызэрыгуэкIхэм абы тхьэмыщкIагъэу къахуихьри ди нэгу щIокI.*

*Иужьрейуэ ди хэкур зыхэта зауэм нэхъ инрэ, нэхъ гущIэгъуншэрэ тхыдэм къыщыхъуакъым. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм цIыху мелуан 50-м я гъащIэр ихьащ, мелуан 27-м щIигъур Совет Союзым щыщу. Апхуэдиз зэман дэкIа пэтрэ нобэми зыхыдощIэ абы ди унагъуэхэм къахуихьа бэлыхьыр.*

*Дэ дыщалъхуа къуажэр къапщтэмэ, зы унагъуэ дэскъым и адэ, и къуэш, и шыпхъу хэмыкIуэдауэ. Умархэ ящыщу зэкъуэшитху дэкIати, зыми къигъэзэжакъым. Иджы абыхэм я цIэр зыфIаща уэрам къуажэм щыIэщ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди цIыхухэм зэрахьа лIыгъэр, абы хьэзабу ягъэвар дэ зэи тщыгъупщэнукъым.*

*ДяпэкIэ апхуэдэ лъапсэрых зауэ щымыIэн папщIэ, дэ псори фIыуэ дылэжьэн, деджэн, ди Хэкур фIыуэ тлъагъун хуейщ.»*

Хьэбалэ 2014 гъэм дунейм ехыжащ. Нобэ екIуэкI гузэвэгъуэр абы зэримылъэгъуам сыщогуфIыкI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы къуэш закъуэ си адэшхуэм иIати, ар зауэшхуэм хэкIуэдауэ щытащ. Мы дунейм иджы къыщекIуэкI зауэми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыху куэд хокIуадэ. Сабий куэд адэншэу къонэ. Нобэрей дзэ Iуэху хэхамрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэмрэ куэд зэщхьу хэтщ: ар фашизмэм дызэрыпэщIэтырщ, зауэм щыIэхэм дэIэпыкъуэгъу дазэрыхуэхъурщ, ди зауэлIхэм зэрахьэ лIыхъужьыгъэрщ...

Зауэр Iуэху тыншкъым. Сыхуейщ ар ди текIуэныгъэкIэ нэхъ псынщIэу иухыну, абы щыIэ зауэлIхэм дызэригушхуэр ящIэу узыншэу я унагъуэхэм къихьэжыну.

**КЪУЩХЬЭ Iэсият.**

# 1 КъБР ☆ «Мир» канал

**Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 9**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Псалъэр ейщ щэнхабзэм!» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Шош саркъады Гестенти». Узденовэ-Балаевэ Женя и усэ тхылъыр утыку кърахьэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.50** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Iуащхьэмахуэ лъапэ (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Добровидение-2024». Япэ Iыхьэ (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «СщIэну сыхуейщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.40** «КъэфакIуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Тохаев Ислъам и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.45** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.15** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ЛъэужьыфIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.10** «Добровидение-2024». ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**21.10** «Парламент сыхьэт» (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, дыгъэгъазэм и 10**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Телефон, интернет гъэпцIакIуэхэр» (12+)
**6.30** «Парламент сыхьэт» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «СщIэну сыхуейщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.35** «ЛъэужьыфIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Хэкум и хъумакIуэхэр». Тохаев Ислъам и фэеплъу (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.35** «Усыгъэ». Мечиев Кязим (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Кухняшки». Сабийхэм папщIэ нэтын (6+)
**17.35** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**17.50** «Хэт ухъуну?» ГъукIэ Марьянэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Усыгъэ». МамыкIэ Къазбэч (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Лъэпкъ жьэгур мыужьыхыу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.55** «Даражалы эришиу». Мечиев Кязим и фэеплъу ирагъэкIуэкI бэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэр (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «ГушыIалъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.25** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.40** «Феномен гениальности». СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 11**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**6.25** «Даражалы эришиу». Мечиев Кязим фэеплъу ирагъэкIуэкI бэнэкIэ хуитымкIэ зэпеуэр (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Хэт ухъуну?» ГъукIэ Марьянэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.30** «Лъэпкъ жьэгур мыужьыхыу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Уи зэман». ЩIалэгъуалэ нэтын (12+)
Зи Хэкур зрагъэбгына, политикэ залымыгъэ зраха цIыхухэм ятеухуа хъыбархэр Iэишэт зэхуэхьэсын щIидзащ институтым и архивым увыным илъэс Iэджэ иIэу. И лъахэу зыпэжыжьэр зэрыфIэгъэщIэгъуэным къыхэкIыу, иджыри хъыджэбз цIыкIуу ар нэхъыжьхэм жаIэжхэм нэхъуеиншэу щIэдэIурт, зи Хэкур, лъапсэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр зыфIэкIуэда унагъуэхэм я сурэтхэр зэпиплъыхьырт. Балигъ къэхъури, ахэр зригъэуIуу хуежьащ. ЗэIущIэ гукъутэхэм, цIыхухэм я гукъэкIыж гуузхэм я хъыбархэмрэ абыхэм къахиха гупсысэмрэщ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу шэрджэсхэм ираха политикэ залымыгъэхэм ятеухуа тхылъым лъабжьэ хуэхъуар. Абы къыщыхьа гъыбзэхэмрэ гукъэкIыжхэмкIэ а зэманым и сурэт зэрыпхузэхэгъэувэнум и закъуэкъым ахэр щIэлъапIэр, атIэ ахэр зыусахэмрэ зыхъумахэмрэ я гъащIэр зыщIата гукъэкIыжхэр Шэпарым къаруушхуэ ирихьэлIэу, цIыхухэм я дзыхь къилэжьу зэрызыIэригъэхьарщ. А дэфтэрхэр гупыкIыгъуейуэ къратырт лIыжь-фызыжьхэм, я унагъуэхэмрэ езы Iэишэтрэ зэран хуэхъункIэ шынэрти. Кавказ псом щыцIэрыIуэу щыта унэцIэхэр дунейм зэрытрагъэкъэбзыкIар, лажьэ ямыIэу я цIэр зэрагъэулъииар, куэд дыдэ зэрызэтраукIар зыхуаIуатэ бзылъхугъэр псэкIэ гъунэгъу яхуэхъуат а нэхъыжьыфIхэм. А гукъутэм къарууэ цIыхухэм ящIихамрэ хьэзабу яригъэшэчамрэ я куэдагъыр хэт жызыIэфынур?

Iэишэт и IэдакъэщIэкIхэр къапкърыкIащ политикэ лей зылъысахэр ухеижыным ехьэлIауэ ищIа лэжьыгъэшхуэм. 2000 гъэм Шэпарыр хагъэхьауэ щытащ Политикэ залымыгъэ зэлъысахэм я Къэбэрдей-Балъкъэр ассоциацэм и правленэм икIи цIыхухэм я «къуаншагъэр» юрист IуэхукIэ ящхьэщыхыным хэлэжьыхьащ. Апхуэдэу ар хэтащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIауэ цIыху 200 зыухеижахэм. А бжыгъэ мыину къыпщыхъунум лэжьыгъэшхуэ и щIыбагъ къыдэтщ. Ассоциацэм и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и комиссэмрэ ФСБ-м, МВД-м, КъБР-м и къэрал дэфтэр хъумапIэм тхылъымпIэ бжыгъэншэхэр къыщалъыхъуэри судым и пащхьэм иралъхьащ.

И щIэныгъэ лэжьыгъэм увыпIэшхуэ щаубыд биографие тхылъитIым. Абыхэм язщ Дзэгъэл А. С. и гъусэу игъэхьэзыра, адыгэ лъэпкъым и тхыдэ къэхутакIуэ Къудащ Елбэздыкъуэ (Владимир Николай и къуэ) Къанэмэт и къуэм (1913) теухуар. Ар зи IэдакъэщIэкIхэм я фIыщIэщ Къэбэрдейм и тхыдэм теухуа япэ академическэ лэжьыгъэу къэплъытэ хъунур зэрызэфIэувар къызэрагъэлъэгъуэфар. ЕтIуанэр теухуащ Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь, «Красная Черкесия» бомбэзехьэ эскадрильер зэраухуэну мылъкур зэхуэзыхьэса, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэтекъутэным зи гуащIэ хэзылъхьа Хьэжы Исмэхьил Мимболэт и къуэм (1921 - 1981). Абы щызэхуэхьэсащ дэфтэр куэд, цIыхухэр зыщыгъуази зыщымыгъуази зэхэту.

Архив IэнатIэм, тхылъ тхыным къыщынэркъым Iэишэт и щIэныгъэ лэжьыгъэр. Абы и жэрдэмкIэ, и дэIэпыкъуныгъэкIэ дунейм къытехьащ адыгэхэм, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэми я тхыдэм, щэнхабзэм теухуа, узэщIакIуэхэм, усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, щIэныгъэлIхэм я гъащIэмрэ гуащIэмрэ зи лъабжьэ фильмхэмрэ теленэтынхэмрэ. Ахэр ягъэхьэзырри къатащ КъБР-м и радиомрэ телевиденэмкIэ.

Шэпар Iэишэтрэ «КъБР 1» телеканалым и журналист цIэрыIуэ Бжьахъуэ Полэрэ гуащIафIэу зэдэлэжьащ. Абы игу къегъэкIыж сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу Шэпарыр хэлэжьыхьауэ, «Адыгэ унэ» («Налшык»), «Личность в истории», «Страницы истории», «Имена с большой буквы», «Судьба народа» («Къэбэрдей-Балъкъэр») нэтын гупым хэту, фильм куэд дунейм къызэрытехьар. А зэманым ягъэхьэзыращ «Одна родня» (2005) фильмыр, «Ради жизни на земле» (2021) зи фIэщыгъэ нэтыныр, Шэпарыр зыщыщ Беслъэней (КъШР) къуажэм и цIыхухэм Ленинград сабийхэр къызэрырагъэлам теухуахэр. Апхуэдэуи Чистяков Н. М. и «Память сердца» (2011) поэмэм, беслъэнейдэсхэм я лIыгъэр илъэс 70 зэрырикъум теухуам, сабийхэр гукIэ къыщеджэ «Свидетельства истории» (2012) теленэтыныр. Шэпарым и гукъэкIрэ и проекткIэ ягъэхьэзыру трахауэ узэщIакIуэхэм, усакIуэхэм, лIыхъужьхэм ятеухуа телефильм гъэщIэгъуэнхэри щыIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Тамбий П. (1873 - 1928), Щэрдан Б. (1860 - 1937), Ботэщ И. (1883 - 1938), усакIуэхэу Къылышбий И. (1893 - 1974), ЩоджэнцIыкIу А. (1900 - 1941), кавказоведхэу Къудащ В. (Э. К.) (1863 - 1945), Кокиев Г. (1896 - 1854), Тыгъуэн Р. (1928 - 2000), МафIэдз С. (1935 - 2007), ГъукIэмыхъу А. (1905 - 1994), Нало З. (1928 - 2012), Къэжэр В. (1949 - 2013), Бгъэжьнокъуэ Б. (1947 - 2020), Нало Е. (1920 - 2007), Хьэщхъуэжь Р. (1933 - 2012), Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэу Хьэжы Исмэхьил («В небе войны», «Творцы Победы»), Тхьэстокъуэ лIыхъужь зэкъуэшихым («Неизвестные герои братья Тазартуковы». Волгоград щекIуэкIа «Вечный огонь» лъэпкъыбэ фестивалым щагъэлъэгъуауэ щытащ) ятеухуахэр. Къылышбийм и гъащIэр зи лъабжьэ «Мой тополь золотой» фильмыр 2012 гъэм журналист лэжьыгъэ нэхъыфIу КъБР-м къыщалъытауэ щытащ, 2013 гъэм Сочэ къалэ щекIуэкIа лъэпкъыбэ телефестивалми ар щагъэлъэгъуащ.

СССР-м щекIуэкIа политикэ заламыгъэхэм я къэхутакIуэшхуэ, РАН-м Урысей тхыдэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Бугай Н. Ф. къилъытащ Шэпар Iэишэт мы Iуэхур джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIауэ икIи абы и щыхьэту «Политические репрессии черкесов на Северном Кавказе (1918 - 1940 гг.). Историко-архивные материалы и воспоминания» тхылъым рецензэ хуитхащ, адэкIэ и Iуэхум пищэну зэригуапэри къыхигъэщащ. Дэри а хъуэхъур дыдоIыгъ! Iэишэт узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ иIэну, цIыхубэ щэнхабзэм и жьэгум мыужьых мафIэр сыт щыгъуи дэлъыну ди гуапэщ!

*Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ**.

# Дуней псом и зэфIэкIыр щалъытэ

*Да Винчи Леонардэ (1452 - 1519) италие сурэтыщI, архитектор, щIэныгъэлI тхакIуэ, макъамэтх, узэщIакIуэ, бзэщIэныгъэлI гъуэзэджэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуми дэгъуэу хэзагъэу, зызрипщыт псори зэхуэдэу Iэзэу къехъулIэу щытащ. КъищынэмыщIауэ, мэгъу къаруи хэлът, къэхъунур къищIэфу, уеблэмэ и языныкъуэ гукъэкIхэм я купщIэр нобэр къыздэсым щIэныгъэлIхэм къахуэхутакъым.*

*Леонардэ ищIа сурэт дэгъуэхэм цIэрыIуэ дыдэ ирихъуами, сурэтыщI нэсу дуней псом къыщалъытами, езым ар и щхьэ иритригъэуүэ (хобби хьисэпу) арат зэрибжыр. Абы и гъащIэ Iуэхуу, и къалэн нэхъыщхьэу, и натIэу къилъытэу щытар инженериерт. А IуэхумкIэ, пэж дыдэу, лъагапIэ куэдым нэсащ ар, лIэщIыгъуэхэм япэ ищу, техникэм зригъэужьащ. Нобэ къызэралъытэмкIи, Леонардэ, къанэ щIагъуэ щымыIэу, дунейм тет псом и къэхутакIуэщ. Псалъэм папщIэ, цIыху Iэпкълъэпкъыр зэрызэхэлъым (анатомием) и фIэщу елэжьурэ, абы ищIа сурэт мин бжыгъэхэм къытощ илъэс 300-кIэ езым и зэманым ар зэрыщхьэщыкIар. КъызэралъытэмкIэ, «Леонардэ и анатомиер» куэдкIэ ефIэкIыжащ цIэрыIуэ дыдэу щыта «Грэй и анатомием».*

*Леонардэ цIыхушхуэт, икъукIэ лъагэу щытащ - метритI ирикъуным сантиметрипщIт хуэчэмар, курыт лIэщIыгъуэхэм псэуахэм ебгъапщэмэ - иныжь дыдэт.*

*Езым и теплъэкIэ, Iэпкълъэпкъ зэкIуж иIэт, телъыджэлажьэу дахащэт, удэуэршэрыну гуакIуэт, къызэрымыгуэкIыу къару иIэт, бзапцIэ фIэкIа умыщIэу, гъущI нал къигъэшырт. Телъыджэуи нэ жант - сурэту ищIа къэзылъэтыхь бзухэмрэ псыежэххэмрэ, иджырей IэмалхэмкIэ зэпкърахахэр, щыхьэт тохъуэ абы илъагъуу щыта пкъыгъуэхэр, цIыху къызэрыгуэкIым апхуэдэ цIыкIуфэкIур къиубыдынкIэ Iэмал зэримыIэм, ахэр апхуэдизкIэ нэрымылъагъущи, рапид-съёмкэкIэ фIэкIа къыпхуэхутэркъым. Художникым и Iэр дапхуэдизу имыгъэпсынщIами, бзу лъэтам, уэру ежэх псым лъэщIыхьэнукъым. Ауэ мыр апхуэдизкIэ гурыхуэти, зэ зытеплъар, сурэт (фото) трихам хуэдэу, ищIэжырт.*

*Да Винчи Леонардэ дуней псом и зэфIэкIыр къыщалъытэу, и пщIэр щылъагэу лIэщIыгъуэхэм къапхрыкIащ, дяпэкIи абы и вагъуэр зэрымыужьыхынур хьэкъщ. Сыту жыпIэмэ - генийщ, апхуэдэ цIыхум сыт хуэдэ зэманми гулъытэ хуащIу хабзэщи. Псом хуэмыдэу адыгэр дрогушхуэ а цIыху щэджащэм и зэфIэкIым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ди лъэпкъми пыщIэныгъэ хуиIэу къыщIэкIащи. Италием и сурэтыщI цIэрыIуэм и анэр адыгэщ!*

*Да Винчи Леонардэ хъарзынэу къехъулIэу итхыжащ Iущыгъэшхуэ зыхэлъ псысэ, хъыбар кIэщI цIыкIухэр. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ а Iуэтэжхэм ящыщ зыбжанэ.*

***ХЬЭТУ Пётр.***



## ТхылъымпIэмрэ шакъэмрэ

ТхапIэ стIолым зэщхьу тхылъымпIэ напэ къабзэ зыкъом щызэтелът. Зэгуэр абыхэм ящыщ зы тхылъымпIэ напэ хуэфIу зэхэтхыхьауэ нэху къекIащ. Плъагъурт, зыгуэрым къалэм къищтэри, шакъэм хигъауэурэ, тхылъымпIэ напэ къабзэр псалъэхэмрэ сурэтхэмкIэ зэригъэнщIар.

- Щхьэ апхуэдэу сыбгъэикIа? - стIолым тет шакъалъэм гухэщIу еупщIащ тхылъымпIэ напэр. - ТебгъэкIыж мыхъу уи шакъэм си хужьагъыр зэхиуцIапIэри, игъащIэкIи сымыхъужыну сызэIигъэхьащ! Хэт иджы сэ мыпхуэдэу къысхуеижынур?

- Умыдзыхэ икIи умынэщхъей! - гумащIэу жэуап къитыжащ шакъалъэм. - Уэ зыми уигъэикIэну, уи напэри трихыну хэтакъым, зыхуеижыну тхыгъэ къагъэнауэ аращ. Иджы уэ зыми имыщIыс тхылъымпIэ къызэрыгуэкIыу ущытыжкъым, иджы цIыхур зыхуеижын утхыгъэ лъапIэщ. Нобэ щыщIэдзауэ уэ цIыхум и гупсысэм урихъумакIуэщ, икIи аращ уэ нэхъыщхьэу укъызыхуигъэщIар - уи лъапIагъэ иныр зыхэлъыжыр.

Гу хьэлэл шакъалъэр захуэу къыщIэкIащ. Зэгуэр, фIыуэ къэтауэ къэзыгъэзэжа цIыхум, и стIолыр зэщIикъуэжрэ пэт, гъуэжь хъужарэ зэбгрыпхъауэ телъ тхылъымпIэ напэхэм гу лъитащ. Ахэр жьэгу мафIэм пэридзэн мурадкIэ къищыпыжри, и тхыгъэхэр зытет а «зэхэуцIэпIа» тхылъымпIэ напэр къахилъагъукIащ. ЦIыхум, сабэм иуэжа зыхуэмеижыну адрей тхылъымпIэхэр мафIэм пэридзэри, и тхыгъэ къызытенар щытхэ стIолым и къыдэгъэжым хуэсакъыу дилъхьащ, акъылым къигъэщIар къэкIуэнум хуихъумэну.

## Щтаучрэ ещтауэрэ

Ещтауэм и удын лъэщ къыщытехуэм, щтаучыр и жагъуэ къэзыщIам хуэгубжьащ:

- Зыкъызэбдзауэ сыт апхуэдэу укъыщIыстеухьыр? Сэ усцIыхуркъым е нэгъуэщIкъым!.. Уэ зыгуэрым сыхэбгъэгъуащэу къыщIэкIынщ. Сэ сымамыр псэуакIуэщ - зыми и Iей зесхуэркъым. ПхузэфIэкIыххэнумэ, си джабэхэм афIэкIа укъытемытIыркъэ!

- АлейкIэ умыгубжь, си гъунэгъужь, уэ сыкъыумыцIыхуми, сэ фIыуэ узоцIыху, пхузэфIэкIри сощIэ, - погуфIыкI ещтауэр, - тIэкIу зышыIэжи, а уи джабэм къыхэсху телъыджэлажьэр уэзгъэлъагъужынщ!

Щтаучыр, а псалъэхэр щызэхихым, ещтауэр къызэрытеухьри ишэчу, зэтесабырэжащ. Арыххэу, щтаучым и джабэм хъуаскIэ цIыкIу къыхэлъэтащ. ХъуаскIэр мафIэ хъуащ, телъыджэхэр хузэфIэкIыу щIидзащ. Апхуэдэу щтаучым и бэшэчагъэр сэбэп къыхуэхъужащ - езыми хуэфащэу пщIэ игъуэтащ.

Мы псысэр зыхуэгъэзар еджэным, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным таучэлыншэрэ щтэIэщтаблэу хыхьэхэрщ, абы пыщIа гугъуехьхэм щышынэхэрщ. Ауэ ерыщыгъэ зыхэлъыж бэшэчагъэмрэ егугъуныгъэмрэ уахэзагъэмэ, щIэныгъэм и фIагъри плъагъужынщ. Еджэныгъэ-щIэныгъэм и лъабжьэр дыджщ, ауэ абы иужькIэ къыпыкIэр IэфIщ.

## Бзэгумрэ дзэхэмрэ

ЩыIащ-псэуащ щIалэ цIыкIу, узыфэ Iей пкърыту, а узыфэр балигъ куэдми йофыкI, - ар псэлъэрейт, мардэншэу.

- Сыту тезыр хьэлъэу къыттрилъхьат мы бзэгур, - гъумэтIымэрт дзэхэр. - Дапщэщу пIэрэ мыкIэрахъуэу тIэкIу щыувыIэнур?

- Фи Iуэхуу дапщэ къысхэлъыр? - нэмыукIытэншэу жеIэ бзэгум. - ФыкъыхэмыпIэнкIыкIыу, къывжьэдалъхьэр вгъэныщкIу! Аращ фи къалэн нэхъыщхьэр, тIасэ цIыкIуу сиIэхэ! Дэ ди Iуэху лъэпкъ зэхэлъкъым. Зыми хуэздэнукъым си Iуэхум и бэлагъ къыхиIуу, псом хуэмыдэжу чэнджэщ мыхъумыщIэкIэ сигъэIущу!

Абы иужькIи щIалэ цIыкIум, увыIэжыкIэ имыщIэжу, и къэвэным къыпищэжащ, чэзу-мычэзу имыIэу. Бзэгур тхъэжыгъуэм и курыкупсэм ист, псалъэщIэ губзыгъэхэр, Iущхэр игъэIуу, а псалъэ хъуаскIэрыдзхэм лъэщIыхьэнуи я мыхьэнэм фIыуэ хэгъуэзэнуи хущIыхьэгъуэ имыгъуэт пэтми. Ауэ зэгуэр, апхуэдизкIэ дихьэхыжат и къэвэнми, езым имыщIэжу, щIэщхъу къыщыщIащ. Зыхэхуа Iуэху мыщхьэпэм зыгуэрурэ къыхэкIыжын щхьэкIэ, бзэгур хуит ищIащ пцIы жиIэну. Абдеж дзэхэм яхуэшэчыжакъым - къыщиудащ. Зэуэ зэтеуэхэри, Iей дыдэу ягъэузу пцIыупс цIыкIум едзэкъахэщ.

Бзэгур, лъыр къытелъадэу плъыжьфIыцIафэ щыхъум, щIалэ цIыкIур, и узымрэ и укIытэмрэ хузэхыхьэжри къэгъащ.

Абы лъандэрэ бзэгур дзыхьыншэщ - мэсакъ, езы щIалэ цIыкIури, псалъэ гуэр жиIэн ипэ, фIыуэ мэгупсысэ.

## ЖьакIэупс жан

ЖьакIэупс гуэрым, урилэжьэну уасэ имыIэжу, жьакIэупс жан дахэ дыдэ иIэт. Зэгуэр, жьакIэупсыпIэм зыри щIэмысу, унэ тхьэмадэри щIэкIауэ, жьакIэупс жаным игу къихьащ мы дунейр зригъэлъагъуну, езыми зригъэплъыну. Гъатхэт. Махуэр уэфIт. Къамэр и къамапIэм къригъэжа нэхъей, зыдэлъым и дзэ жаныр къыдигъэплъщ, пагэу зигъэтIейри, ежьащ.

ЖьакIэупс жаныр бжэщхьэIум ебэкъуэну хунэсатэкъым, дыгъэ гуащIэр гъэцIуужа и жыр дзэ жанхэм щытелыдыкIам, дыгъэ нэбзий цIыкIухэми унэ блынхэм гуфIэжу теджэгухьу щыщIадзам. ЖьакIэупс жаным, апхуэдэ теплъэгъуэ телъыджэм и нэхэр щигъэункIыфIыкIри, пхуэмыIуэтэщIын гуфIэгъуэрэ гухэхъуэшхуэрэ къритати, занщIэу, зыкъыфIэщIыжауэ, и щхьэр лъагэу игъэкIащ.

- Дауэ иджы апхуэдэ гъуэзэджагъэ нэужьым жьакIэупсыпIэм зэрызгъэзэжынур? - ину жиIащ жьакIэупс жаным. - Мы дунейм теткъым абы сезышэлIэжын! Делагъэ дыдэщ си гъащIэр апхуэдэу хэслъхьэну: сабыншыкукIэ зэхэцIэла лIы нэкIужьхэр тестхъунщIыкIрэ згъэкъабзэу. Сэ си дзэ жан щабэр хуэфащэ-тIэ жьакIэупс Iэдэбыншэм IэщIэлъыну? Хьэуэ! Абы сыкъыщимылъагъун къуэгъэнапIэ зыщызгъэпщкIумэ нэхъыфIщ.

Абы лъандэри жьакIэупс жаным и лъэужьыр кIуэдащ.

Мазэхэр кIуэрт. Бжьыхьэ уэшхрилэр къэсащ. КIуэрыкIуэсэжыр и закъуэныгъэм тезашэри, зыщиудыгъуа къуэгъэнапIэм къыкъуэкIыжыну, жьы къабзэкIэ тIэкIу бэуэну мурад ищIащ. Хуэсакъыурэ и дзэ жаныр зыдэлъым кърагъэжри, пагэу ихъуреягъкIэ зыкъиплъыхьащ.

Ауэ, мыр сыт гузэвэгъуэ! Сыт къэхъуар? Зэгуэр щабэу щыта дзэ жанхэр, пхъэх улъиям ещхьу, дзагуэ хъуащ, дыгъэ бзийхэри телыдыкIыжыркъым.

- Хъуэпсагъэм щхьэ зыдезгъэшэхат? - и нэпс дыджхэр къыфIыщIэхуащ жьакIэупс жаным. - Сытым хуэдэу сигъафIэрэт икIи къыскIэлъыплърэт жьакIэупс гу хьэлэлыр! Сытым хуэдэу гуфIэрэт икIи ирипагэрэт ар си лэжьэкIэм! Иджы, уо, ди тхьэ, сыт сэ къысщыщIыжар: си дзэ жанхэр уфIыцIащ, пагуэ хъуащ, гущыкIыгъуэуи улъиящ. СыкIуэдащ сэ, сыкъезыгъэлыни дунейм темыт!

Талант зиIэ дэтхэнэми апхуэдэ тхьэмыщкIагъэр лъэIэсынущ, и зэфIэкIым зримыгъэужьу, иримыгъэфIакIуэу, лъагэу зэрызиIэтар и фIэщ хъужу, егъэлеяуэ Iуэхуншагъэм зыдригъэхьэхыу, зыкъыфIэщIыжарэ и бгъэм теуIуэжу дэтмэ. Мы насыпыншэ жьакIэупс жаным хуэдэ цIыхум хуэм-хуэмурэ и акъыл бзыгъэр, жаныр фIокIуэд, пкъыри псэри зышх щхьэхынагъэмрэ щэныншагъэмкIэ улъиин щIедзэ.

## Мазэмрэ хынэщIэпкIэмрэ

ХынэщIэпкIэр зимыщIэжу мазэм хьэщыкъ хуэхъуат. Зыгуэр къытебжа нэхъей, сыхьэт бжыгъэкIэ и нэр къытримыгъэкIыу зэгуэкIуа жэщ нэхунэм еплъырт.

Сыт щыгъуи щакIуэу къуэгъэнапIэ къуэс ныбаблэ хыелыркъэшым гу лъитащ, мазэр пшэ къуагъхэм къыкъуэкIа нэужь, хынэщIэпкIэ-жьэрыплъэр зэрыс и нэщIэпкIалъэр къызэрызэIуихым. ИкIи ар ишхыну мурад ищIащ.

Зэгуэр жэщу, мазэр къызэрыкъуэкIыххэу, хынэщIэпкIэм, сакъын зэрыхуейр, дунейм бзаджагъэу тетыр щыгъупщэжауэ, зэрихабзэу, и жьэр ущIауэ абы и нэр теплъызащ. Хыелыркъэшым мывэкIэщхъ гуэр и дамэпкъ-лэныстэмкIэ къыфIигъанэщ, зыхуигъэпсри, нэщIэпкIалъэ кIуэцIым иридзащ. Мазэ нэхум итхьэкъуар хущIэкъуащ зэщIэпщIыпщIэ и псэуалъэ быдэр псынщIэу зэхуищIыжыну, ауэ кIасэ хъуат - мывэкIэщхъыр насыпыншэм зэран къыхуэхъуащ.

Зи гурылъ къабзэ лъапIэхэр зыхуэмыхъумэф дэтхэнэми апхуэдэ тхьэмыщкIагъэр къыщыщI хабзэщ, нэгъуэщIым и щэхум хуэпабгъэ нэрэ тхьэкIумэрэ сыт щыгъуи щыIэщи.

## IункIыбзэ иIупIэм ис бэдж

Бэджым, унэр - и кIуэцIи и щIыби - зэрыщыту къипщытэри, IункIыбзэ иIупIэ гъуанэр тIысыпIэ телъыджэу къыщыхъуащ.

Сыту тынш икIи дзыхь зэбгъэз хъун тIысыпIэ мыр! Мыбдеж бэджым зыми гу къылъитэххэнукъым. Езыр-щэ, зыхъумэжыпIэм къиплъурэ, мамыр дыдэу ихъуреягъкIэ къыщыхъум кIэлъыплъынщ, шынагъуэ лъэпкъ къылъыкъуэкIынкIэ мыгузавэу.

«Мывэ бжэщхьэIум бадзэхэм щхьэкIэ зы бэджыхъ щызукъуэдиинщ, - зыхуэарэзыжу мэгупсысэ бэджыр. - ДэкIуеипIэм деж нэхъ быдэу нэгъуэщI зы бэджыхъ - ар щыгъыныхь пшэрхэм щхьэкIэ, бжащхьэм аргъуейхэм щхьэкIэ гъэпцIапIэ бзаджэ яхутесщIыхьынщ...»

Бэджыр гухэхъуэшхуэм зэщIищтат, и насыпымрэ и гугъэфIымрэ уафэм хъыринэ щрагъащIэрт. ГъущI защIэкIэ къэIулIыхьа IункIыбзэ иIупIэр абы къыщыхъурт къыпхуэмыщтэн быдапIэу, икIи абы нэхъ рэ нэхъ шынагъуэншэ щхьэегъэзыпIэ и гъащIэм имылъэгъуауэ къилъытэрт. Апхуэдэу бэджым, и хъуэпсапIэхэм, и къэкIуэну дахэм зритауэ, уафэм хъыринэ щещIэрэ пэт, гъунэгъу къыхуэхъу лъэ макъыр и тхьэкIумафIэм къыщицырхъэм, сакъыныр зи хьэлым и быдапIэм нэхъ кууэ зриудыгъуащ.

Унэм къекIуэлIэжа тхьэмадэм и IункIыбзэ зэкIэрыщIар игъэцIыргъащ, зы къахихри IункIыбзэ иIупIэм ириIуащ, арыххэу... хъуэпсалэр ирипIытIыхьащ.

## Псы

Псым нэгузыужьу и гъащIэр щихьырт езым и псэм хуэдэу илъагъу хым: хуеймэ - къэукъубейуэ, хуеймэ - мамыр хъужу. Ауэ зэгуэр и щхьэм гупсысэ къизэрыхьащ, уафэм нэс зиIэтыну.

МафIэм деж кIуэри къыдэIэпыкъуну елъэIуащ. МафIэм укъэзыс и бзиймкIэ псыр, хьэуам нэхърэ нэхъ псынщIэж хъуауэ, ткIуэпс цIыкIунитIэ дыдэурэ зэхэлъ бахъэ хуабэм хуигъэкIуащ.

Асыхьэтуи бахъэр ищхьэмкIэ дэкIуеину хуеIащ, хьэуа нэхъ лъагэм икIи нэхъ щIыIэм хуэкIуэу.

Пшэхэм адкIэжкIэ къыщыхута ткIуэпс цIыкIунитIэхэм, апхуэдизкIэ щIыIэм игъэдияти, я дзэр зэтехьэжыртэкъым. Зыгуэрурэ къэхуэбэжын щхьэкIэ, зызэракъузылIэурэ нэхъ гъунэгъу защIащ, арыххэу, хьэуам нэхърэ нэхъ хьэлъэ щыхъум, занщIэу щIым къещэщэхыу щIадзащ, къызэрыгуэкI уэшхыу.

Псым, сымаджэ ирихъужауэ, щхьэщытхъугъэм зыдригъэшэхри, уафэм нэс зиIэтащ, ауэ ар абы псынщIэу кърахухыжащ. Псы хуэлIа щIым уэшхыр зы ткIуэпс цIыкIу къэмынэу зыщIифащ. Псым, къызыхэкIа хым къигъэзэжын щхьэкIэ, иджыри куэдрэтезыртелъащ, щIыгулъым къыхэмыкIыу хэлъу.

## ЩIыIубнэф

ЩIыIубнэфым фIэфIт и адэ-анэм, и анэшхуэ-адэшхуэхэм къатIу ягъэкъэбзэжа щIы щIагъ щIыIэтыIэ зекIуапIэхэм къыщикIухьыну. Ар ищхьэмкIэ дэкIуейрти къехыжырт, шхын гъэтIылъыгъэхэр бэгъуауэ зыщIэлъхэм щIыхьэурэ зыщигъэтхъэжырт.

Езым бгъэдэлъ къулеигъэхэр къипщытэурэ, зэгуэр абы зы дэкIыпIэ-дэпщыпIэ мыцIыху гуэр къилъагъури, ар здэкIуэр къихутэну мурад ищIащ.

«КъэувыIэ! - зэхихащ абы сакъыну къыхуезыджэ макъ. - А гъуэгур шынагъуэщ!»

Ауэ псори зэзыгъэщIэну зыфIэфIыр ищхьэмкIэ дэкIуей гъуэгум текIакъым здынэсынум нэсыху. КъыпэщIэува щIы унащхьэ тIэкIури къыфIэмыIуэхуу зэбгритхъури... уафэ къащхъуабзэ щIэншэр илъэгъуащ. Ауэ аращ а тхьэмыщкIэм и гъащIэм иужь дыдэу илъагъужар. Дыгъэ бзий гуащIэр хуэнабгъэ хуэдэу щыт и нэ зэвитIым къыщIэпсэри нэф ищIащ.

Мис апхуэдэу ПцIыри, и щтапIэ зыщиудыгъуауэ, къызыхуэтыншэу псэуфынущ. Ауэ дуней нэхум къызэрытехьэххэу и кIуэдыр къыхуокIуэ, Пэжым и нэр ирищIауэ.

## Шылэ хьэпIацIэ

Шылэ хьэпIацIэр, тхьэмпэ цIыкIум зыкIэригъэпщIауэ, гъудэ-бадзэ куэдыкIейхэм игъэщIагъуэу якIэлъыплъырт: абыхэм зэпеуэу уэрэд жаIэрт, къапкIэ-напкIэрт, къажыхьырт, къалъэтыхьырт... Ихъуреягъкlэ дуней псор зэхэзекIуэ-зэхэзежэт. ТхьэмыщкIэм езым и закъуэт макъи зимыIэр, къэжыхьыкIи, къэлъэтыхьыкIи, нэгъуэщIи зымыщIэр. Ерагъмыгъуейуэ къипщыхьыф къудейуэ арат. Абы, зигъэзэгъуейуэ зы тхьэмпэм къытекIыу нэгъуэщI тхьэмпэм техьэху, дунейпсо къызэхикIухьауэ къыщыхъужырт.

Ауэ шылэ хьэпIацIэм и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжыртэкъым икIи ар зыми ефыгъуэртэкъым: къыгурыIуэжырт щхьэж езым и Iуэху игъэзэщIэн зэрыхуейр. Мис, езыми, шылащхьэ-унэ быдэ цIыкIу иухуэн щхьэкIэ, шылэ Iуданэ псыгъуэхэр зэIуищэфу зигъэсэн хуейт.

Шылэ хьэпIацIэр, гупсысэ кIыхьым хэмыту, и лэжьыгъэр егугъуу игъэзэщIэн щIидзащ икIи зыхуигъэувыжа пIалъэм фIигъэкIакъым: игъуэ дыдэу шылащхьэунэ хуабэм щызэгъэжащ.

«АдэкIэ сыт?» - зэупщIыжащ шылэ хьэпIацIэр, и зыхъумэжыпIэм къыдэплъыпIэ имыIэу здыщIэсым.

«Псоми чэзу иIэщ! - зыгуэрым къыжриIэу къыщыхъуащ абы. - ТIэкIу зышыIи, адэкIэ къэхъунури плъагъужынщ. Уешащи, зыгъэпсэху, жей».

Чэзу жыхуаIар къэсри шылэ хьэпIацIэр къызэщыуащ. Ауэ ар иджы зыгъэзэгъуей шылэ хьэпIацIэжтэкъым - тыншу и шылащхьэ-унэ цIыкIум къикIри, игъэщIагъуэу гу лъитащ къуэлэнпщIэлэн дахэ дыдэу дамэ псынщIэ цIыкIухэр къызэрытекIам. Гухэхъуэшхуэ иIэрэ нэжэгужэу и дамэхэр иIэтщ, цы налъэ щабэу дэлъэтейри, гъуэз къащхъуэм хэгъуэщэжащ.




**● Псалъэжьхэр**

## Дэтхэнэ цIыху Iущри къызэрыгуэкIщ

**♦Ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ къулеигъэм нэхъри нэхъ лъапIэщ.**
**♦ЗэгурыIуэ здэщыIэм берычэти щыIэщ.**
**♦Гъуэгу нашэкъашэм жыжьэ унигъэсынукъым.**
**♦Ущизакъуэм и деж гъуэгури кIыхьщ.**
**♦Пшэ зытемылъ уафэм уэшх къехыркъым, нэщхъеягъуэ зыщIэмылъ нэхэм нэпс къащIэкIыркъым.**
**♦Дэтхэнэ цIыху Iущри къызэрыгуэкIщ.**
**♦Куэдыр пудщ, мащIэр лъапIэщ.**
**♦ЩIакхъуэр пудщ, ахъшэ ущиIэм деж.**
**♦Жыгыр псынщIэу хасэ щхьэкIэ, къыпыкIэнум куэдрэ йожьэ.**
**♦Хьэщiэм пщIэ хуэзыщI бысымым и щIыхьыр инщ.**
**♦Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ.**
**♦ТIакъуэр закъуэ палъэщ, закъуэр щымыIэ пэлъытэщ.**
**♦Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ.**
**♦Зы къэлэрри къэлэрищэри зэхуэдэщ.**
**♦Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.**
**♦Зы мафIэ хъуаскIэм жылэ псор къресэкI.**
**♦Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.**
**♦Тепсэр къытепхыжынщ.**
**♦Уэсукхъуэр бзу цIыкIум къегъэхъей.**
**♦Псэунум лъакъуибгъу щIэтщ.**
**♦Зэдэпщiэ щIэхщи, зэдэшхэ IэфIщ.**

**● ГушыIэхэр**

### Бжыгъэр - хьэрфкIэ

Банкым ахъшэ къыхихыну кIуа хъыджэбзым абы и лэжьакIуэм къыжреIэ:

- Къыхэпхыну ахъшэр мыбдежым псалъэкIэ итхэ.
- Ар дауэ?
- Хьэрфхэр къэбгъэсэбэпурэ, зиунагъуэрэ.
- Сыту угъэщIэгъуэн! Дауэ сэ бжыгъэр хьэрфкIэ зэрыстхынур?

### Пощтыр лажьэркъым

Зэгъунэгъу фызыжьитI зопсалъэ:

- Ди пощтыр щIагъуэу зэрымылажьэр пщIэрэ?
- Сыт щхьэкIэ, сыт дэбгъуар?
- Уи фIэщ зэрыхъун, мы письмор зэрыстхрэ махуипщI мэхъури, иджыри къэс си сумкэм дэлъщ.

# Жэгундэ плъыжь

**● Шхыныгъуэ**



*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):* жэгундэ плъыжь гъэвауэ - г 200, шатэу - г 50, бжьыныхуу - г 5, шыгъуу - узыхуеймкIэ хуэдиз.

Жэгундэ плъыжьым цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зыхуэныкъуэ куэд хэлъщ. Ар зэрыцIынэуи, гъэвауи яшх. Жэгундэ плъыжьым и псыр къыщIакъузыкIри ираф. Ар сэбэпышхуэ яхуохъу зи жьэжьей, шхалъэ, тхьэмщIыгъу узхэм. КIэтIийхэри егъэкъабзэ.

### Жэгундэ плъыжь гъэва

Жэгундэм и тхьэмпэр паупщI, езыр ятхьэщI, псывэм халъхьэри, шыуаныщхьэр тепIауэ мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Зыхэвыхьа псыр иракIут, езы жэгундэр тIэкIу ягъэдийри яукъэбз. Жэгундэ дия укъэбзар бзыгъэ цIыкIуу яупщIатэри яшх.

*Халъхьэхэр:* жэгундэ плъыжь мыукъэбзауэ - г 400, зэрагъэвэн псыуэ - г 1500-рэ.

### Жэгундэ плъыжь зэхэупщIэта

Жэгундэ гъэвар IупщIэ цIыкIуурэ яупщIатэри, пIинэ къищIу тепщэчым иралъхьэ. ШатэкIэ зэхэщIа бжьыныху уба абы траклэ. Ягъэдийри яшх. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

**● Губзыгъагъэ**

## Уэ укъалэмэ, сэ сытопщ

**ИтI изыфынум из ифыкIэ ищIэркъым.**
Хьэрычэтыншэм, жэрдэмыншэм щхьэкIэ жаIэ.
**Джэду и къуэ дзыгъуащэщ.**
Адэм и хьэл къуэм къыхохуэ, уеблэмэ ар абы ещхь щыхъужыпи щыIэщ.
**ПащIэм къимыхьыр жьакIэм къихьыжыркъым.**
УщыщIалэм къыпхуэмылэжьар уи жыщхьэ пхуэфIэкIыжынкъым.
**Уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъумыщтэж.**
Мыхьэнэ иIэкъым, сэбэпи пылъкъым блэкIа, зэфIэкIа гуэрым, зи чэзур икIам укIэлъыIэбэжкIэ, укIэлъыпхъэрыжкIэ.
**Уэ укъалэмэ, сэ сытопщ.**
КъыпэщIэтым худичыхыну хуейкъым - зэрефIэкIыр и тегъэщIапIэщ. Хьэл, Iуэху еплъыкIэ, н.къ. екIурабгъуншэ зэжьэхэуэныгъэ, зэныкъуэкъу сытхэм ятеухуащ.
**Зыхуэмышыпэ пщтырафэщ.**
Зыгуэрым ежьэн, пэплъэн щхьэкIэ шыIэныгъэр зыхуримыкъу хабзэ цIыхум теухуащ.
**Зи цIэ иpaIуэ бжэщхьэIу тесщ.**
И гугъу щащI е ягу къыщыкI, щегупсыс дыдэм ирихьэлIэу къыкъуокI.

**● ЖыIэгъуэхэр**

## ШыIэныгъэмрэ къарумрэ

**●ЦIыхум куэдрэ ущымытхъу, абы Iуэху мыщхьэпэ кърикIуэнкIэ хъунущ.**
**●Гугъэр бгъэфIэн, пхъумэн хуейщ. Ар гум и щIэгъэкъуэн къызэрымыкIуэщ.**
**●Лъагъуныгъэм и щэху псори зыщIэр зыгуэр фIыуэ зылъагъурщ.**
**●Хэхъуэм и Iэмал нэхъ тыншыр пщIэншэу умыгъэкIуэдыныращ.**
**●Зэдауэм и хеящIэ нэхъыщхьэр зэманырщ.**
**●УкIытэр цIыхум напэ зэриIэм щыхьэт техъуэ Iуэхущ.**
**●ШыIэныгъэр къарум нэхърэ нэхъ лъапIэщ.**
**●Къаруракъым пэжымрэ захуэмрэ зыхэлъыр, атIэ пэжымрэ захуэмрэщ къару хъужыр.**
**●Шыlэныгъэм губзыгъагъэмрэ хахуагъэмрэ я гъуэгур къыпхуэзIуех.**
**●ЗыхыумыщIыкI Iуэхум упэрымыхьэ.**
**●Щыуагъэр акъылым и япэ дерсщ.**
**●Щэнхабзэр жылагъуэм и зыужьыныгъэр цIыхухэм я фIэщ зыщI Iуэхущ.**
**●Делэм зэрызыщыпхъумэнур шыIэныгъэщ.**
**●ФэрыщIагъэм гуапагъэ къудей мыхъумэ, зы сэбэпынагъ къыпэкIуэркъым.**
**●Ди щхьэ дзыхь зэрыхуэтщIыжыр нэхъ мащIэху, нэгъуэщIым жиIэр нэхъыбэу ди фIэщ мэхъу.**

ХЪУРЕЙ Феликс.

## Хабзэм щыщу кIуэдыжахэр

**Жыджэрыбжьэ.** ЩIыхьэхум епха хабзэщ. Мэз е мэкъушэж щIыхьэху щащIам деж псом япэ и Iуэхур зэфIигъэкIыу къэсыжа гущхьэIыгъым фадэбжьэ иратырт. Абы жыджэрыбжьэкIэ еджэу щытащ. Хабзэр кIуэдыжащ.

**МеркIафэ.** УэкъулакIуэ нэгъуэщI къуажэ кIуа цIыхум къызэригъэпэщ ефэ-ешхэм меркIафэкIэ еджэрт. Апхуэдэу щIеджэри абы зы меркIэ из нэхърэ нэхъ мащIэ кърат зэрымыхабзэр арауэ къыщIэкIынут. Хабзэр кIуэдыжащ.

**Хэхашэ.** Нысэ къэзыша унагъуэм пхъэгъэсын къаригъэшэн папщIэ къызэригъэпэщу щыта щIыхьэхум хэхашэкIэ йоджэ. Хабзэр кIуэдыжащ.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **3**. ЩIымахуэкIэхэм дыгъафIэ джабэхэм къыщыхэж, зи лъабжьэр бжьыныхущхьэм ещхь удз цIыкIу. **5**. Испанием щыпсэу ди лъэпкъэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ художник. **7**. ЩIы къиуда. **8**. Фэ гъэтэджа е ... бгырыпх. **10**. Iэ тхьэщIыпIэхэм ар щIэлъ хабзэщ. **11**. Диным пшхыну хуит уимыщI, фIэмыхьэлэл. **13**. Языныкъуэ цIыхубз Iэзэхэм апхуэдэ пэшэгъу яIэу яIуатэ. **14**. ... джэлам ущIэмынакIэ. **15**. Къэрэкъурэ ... е къалмыкъ ... **18**. Чыцэхэм хэс зи хабзэ къуалэбзу цIыкIу, щIагъуэу мылъэтэфу.

***Къехыу:*** **1**. Пасэрей Iэщэ зэрыпыджэ. **2**. Пхъэ уадэшхуэ. **4**. Пасэрей шыгу, щхьэ телъу. **5**. Хыумысэу, щIым къыхэна жылэ, езырезыру къэкIыж. **6**. Нысэ къызыхуаша унагъуэ тхьэмадэм ехъуэхъу хабзэщ: «Тхьэм къуэ-бын - ... фхуищI». **8**. Акъылыр щагуэшым абы дэса куэд щыIэщ. **9**. ЦIыху псэлъэгъуей. **12**. Ди ныбжьэгъум ... ищIри, я унэ дригъэблэгъащ. **16**. Шым, Iэщым гъэмахуэм я фэр изых бадзэжь. **17**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

**ЩэкIуэгъуэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЕIуб. **3**. Ихуэ. **9**. Гъуанэщ. **10**. Нэмыс. **11**. Хъурэ. **12**. Дахэ. **14**. Сахуэ. **16**. Еплъи. **19**. Къэси. **22**. Лъэр. **24**. Емыса. **25**. Еубыд. **26**. Пщы. **27**. Япэ.

***Къехыу:*** **2**. IуэнтIа. **4**. Хуэмыху. **5**. Бгъуэ. 6. Хущхъуэ. **7**. Гунэс. **8**. Гъусэ. **13**. Хэлъ. **15**. Ажэ. **17**. ПщIыхьщ. **18**. Илъагъу. **19**. Кърехy. **20**. Сэбэп. **21**. Жей. **23**. Адэ.

**● Унэгуащэхэм папщIэ**

## Къэбым и IэфIыр

Хьэжыгъэр (нартыху хьэжыгъэри, гуэдз хьэжыгъэри, нэгъуэщIри) шхыныгъуэ къыхащIыкIын и пэ къихуэу Iэмал имыIэу кхъузанэкIэ яухуэнщI, жыы щIихун щхьэкIэ.

* * *

ГъэшхэкIхэр нэхъ куэдрэ зэIыхьэркъым зэрыт хьэкъущыкъур бинткIэ щхьэщыпхыкIауэ щIыIэпIэ бгъэувмэ.

* * *

Къэбыр щагъавэкIэ псы куэд щIакIэмэ, цIынэ мэхъу, и IэфIри щIех.

* * *

Ныбапхъэр щалъэскIэ зэралъэс псым содэ хакIутэ, абы нэхъ псынщIэу егъэкъабзэри, ауэ а содэм егъэкIуэд ныбапхъэм хэлъ витамин С-р.

# Псыкуэд илъэсищэ ирикъуащ

**Аруан районым хиубыдэ Псыкуэд къуажэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъуар ягъэлъэпIащ жэпуэгъуэм и 27-м. Абы ехьэлIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ Аруан районым и администрацэм и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит, абы и къуэдзэ КъарэцIыкIу Мухьэмэд, районым ит къуажэхэм я администрацэхэм я унафэщIхэр, Псыкуэд дэс нэхъыжьыфIхэр, езы къуажэр илъэсищэ ипэкIэ къызыгуэкIа Анзорейм и лIыкIуэхэр.**

КЪУАЖЭДЭСХЭМ хъуэхъу псалъэкIэ защыхуигъазэм, ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит къыхигъэщащ псыкуэдэсхэр игъащIэми лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэр фIыуэ щызэгурыIуэ, лэжьыгъэм пщIэ щыхуащI, хабзэ дахэ зыдэлъ къуажэу зэрыщытыр. «Дэ дрогушхуэ мэкъумэшым, щIэныгъэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ди хэкуэгъухэу мы къуажэм къыдэкIахэм», - жиIащ районым и унафэщIым икIи я Iуэху дяпэкIи ефIакIуэу псэуну ехъуэхъуащ къуажэдэсхэм.





Мы махуэшхуэм ирихьэлIэу цIыху нэхъыбэкIэ цIэрыIуэ, ныбжьипII-тху къызэзынэкIа унэщIэ щхьэхуэхэм яхухэха «лъэпкъ пщIантIэхэр» ягъэхьэзырат: Аунусхэ, Джаурджийхэ, УнащIэхэ, Сосмакъхэ, Къуэшийхэ, Якуэкъутхэ, Щоджэнхэ. ХьэщIэхэмрэ махуэшхуэм кърихьэлIахэмрэ я пащхьэм къагъэуват пасэрей хьэпшыпхэмрэ лъэпкъ шхыныгъуэхэмрэ, дэтхэнэ зыри еплъыну, хэIэбэну хуиту. Концертышхуэ игъэхьэзыращ Аруан районым и Ардэунэми. Абы хэтащ республикэм фIыуэ щацIыху артистхэмрэ творческэ гупхэмрэ.

ЩIалэгъуалэр жыджэру къхуейплъыжькIэрыщIэм хэтащ. Апхуэдэ дауэдапщэр хэхьуэ зиIэ унагъуэхэм е мыпхуэдэ махуэшхуэхэм ирырагъэхьэлIэ хабзэщ. Дагъэ зыщIэзыфа кIапсэмкIэ дэпщейуэрэ, ныбжьыщIэхэм къыфIахыфын хуейщ пкъом ирикIуэу кIэрыщIа хьэпшыпхэр. Дауи, псоми ятекIуар ищхьэ дыдэм нэсу къхуей плъыжьым зэ едзэкъэфахэрщ. Абы иужькIэщ пкъом фIэщIа хьэпшыпыр къыфIэпхыну ущыхуитри цIыхухэм я Iэгуауэр къыщыптракъутэри.

ЦIыхубэм игу дыхьащ зэхэубла спорт зэхьэзэхуэхэри. Футболыр фIыуэ зылъагъухэм я зэпэщIэтыкIэр, кIапсэ гъумым зэпекъуа гупитIыр - куэд ялъэгъуащ мы махуэ дахэм Псыкуэд и хьэщIэхэмрэ къуажэдэсхэмрэ. Зэпеуэхэм къыхэжаныкIа дэтхэнэ зыми къуажэ я администрацэм къыбгъэдэкIыу саугъэт лъапIэхэр иратащ.

Апхуэдэу зэрыкъуажэу щызэхэплъэжа махуэшхуэр дахэ хъуащ Псыкуэдым и япэ илъэсищэр. ДяпэкIэ къыкIэлъыкIуэнухэри нэхъыфIыж хъуну ди гуапэщ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Адыгэхэм я дунейм щыхагъэгъуазэ

**● Жэрдэм**



**Налшык къалэм и япэ модельнэ библиотекэм щекIуэкIащ гъуазджэм, тхыдэм, графикэм, адыгэхэм я дунейм ухэзышэ «Печать, тираж, тхылъымпIэ, адыгэхэр...» зыфIаща лекцэ. Ар къызэригъэпэщащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центрымрэ КъБКъУ-мрэ щезыгъаджэ, «Часть речи» литературэ студием и унафэщI Битокъу Маринэ.**

ЗЭIУЩIЭМ ирагъэблэгъащ коллекционер, «Легенды» каналымрэ Москва щекIуэкIа «Легенды трёх веков» (2022), «Ткань. Бумага. Серебро» (2024) выставкэхэмрэ я къызэгъэпэщакIуэ Тхьээплъ Мурат. Ар гравюрэхэм дахьэхри, нэмыцэ, урыс щIэныгъэлI Паллас Питер Симон IуэрыIуатэ зэхуихьэсу Кавказым щыщыIам абы дэщIыгъуа нэмыцэ художник цIэрыIуэ Гейслер Христиан и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр 2001 гъэм япэу утыку кърихьат. И етIуанэ гъэлъэгъуэныгъэм хигъэхьащ декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшып щищым щIигъу (адыгэ Iэщэхэр, зауэлI фэилъхьэгъуэхэр, адыгэ цIыхубзхэм зэрызагъэдахэ цIуугъэнэхэр). Ахэр я лэжьыгъэщ НэкIо Аслъэнбэчрэ Шэпар Аланрэ.

Библиотекэм щекIуэкIа лекцэр Мурат триухуащ гравюрэхэм я тхыдэм, адыгэхэм я гъащIэм, я дунейм, XVII - XIX лIэщIыгъуэхэм ящIа гравюрэхэм ахэр къызэрыщыгъэлъэгъуам.

- Адыгэхэм ятеухуа сурэтыщI гъуазджэм щыщ лэжьыгъэхэр илъэс тIощIым щIигъуауэ зэхузохьэс, - жиIащ Мурат. - Москва щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэр куэдым щIэщыгъуэ зэращыхъуам къыхэкIыу, Налшык абы теухуа лекцэ щезгъэкIуэкIыну сигу къэкIащ икIи ар Битокъу Маринэ къыздиIыгъащ. Илъэс куэд хъуауэ сурэтыщI гъуазджэмрэ графикэмрэ адыгэхэм «я нэIэ» къытету жыпIэ хъунущ. Интернет IэмалымкIэ ар яджын щIадзащ 90 гъэхэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, абы лэжьыгъэ мин бжыгъэхэр къызэщIеубыдэ. Iуэхум зыхэбгъэгъуэзэнымкIэ сыхьэтитIыр мащIэщ, ауэ гъунэ итлъэу жыпIэ хъунущ. Нэхъыщхьэращи, IуэрыIуатэм, тхыдэм, графикэ гъуазджэм теухуауэ зи гугъу тщIахэр къыдэдэIуахэм ягу ирихьащ. КъыдэхэуIэмэ, пытщэну ди мурадщ мыпхуэдэ дерсхэм.

*Тхыгъэри сурэтри* **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*



# Махъсидэ Елизаветэ дрогушхуэ

**Иджыблагъэ хъыбар къызэрытIэрыхьамкIэ, гимнасткэ ныбжьыщIэ Махъсидэ Елизаветэ зыщегъасэ тренер цIэрыIуэ Винер Иринэ и центру Мэзкуу областым и Новогорск къалэм щыIэм, ауэ зэхьэзэхуэхэм щыхэтым деж Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныпым щIоувэ.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, Кавказ Ищхъэрэм художественнэ гимнастикэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм екIуэкIа зэпеуэм домбеякъ медаль къыщихьащ адыгэ пщащэ цIыкIум. Абы нэмыщI, ар хэтащ фокIадэм ирагъэкIуэкIа «Клубхэм я лигэ» зэхьэзэхуэ зэIухам. Топыр иIыгъыу абы утыкум къыщигъэлъэгъуахэм щхьэкIэ етIуанэ увыпIэр къратащ.

2024 гъэм и щэкIуэгъуэм зэхэта «Урысейм и гугъапIэхэр» къэралпсо зэхьэзэхуэм абы гу къыщылъитащ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Дьяченкэ Аннэ икIи хыджэбз цIыкIу зэчиифIэр иригъэблэгъащ езым къызэригъэпэща турнирым хигъэтыну. Абы Елизаветэ къыщыфIащащ «Псоми къахэлыдыкI икIи утыкум екIуу ит гимнасткэ» цIэ лъапIэр. УФ-м и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэми а цIэ дыдэр Махъсидэм къыщыфIищащ Винер Иринэ.

Иджыпсту гимнасткэ ныбжьыщIэм зыхуегъэхьэзыр Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ художественнэ гимнастикэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ етIанэгъэ щIышылэм КъалмыкъыIым и къалащхьэ Элиста щекIуэкIыну зэIущIэм.

Махъсидэ Елизаветэ и тренерыр Коротковэ Натальещ.

**АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.**

# ПщIэ зыхуэтщI къалэдэсхэ!

Къат куэду зэтет унэхэр зехьэнымкIэ Фондым хъыбар фегъащIэ, 2022 гъэм фокIадэм и 30-м КъБР-м и Правительствэм Iэ зытридза унафэ № 213-ПП-м ипкъ иткIэ, унэр къанэ щымыIэу зыхуей хуэгъэзэным щхьэкIэ ят уасэр 2025 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ зэрыхэхъуэнукIэ.

Метр зэбгъуэзэнатIэм хуэзэ уасэм соми 9 хэхъуэнущ. Абы къыхэкIыу, алъандэрэ зэтрихьа щIыхуэр 2024 гъэр имыкI щIыкIэ зытевгъэкIмэ нэхъыфIщ, иужькIэ бжыгъэхэр зэхэмызэрыхьыжын папщIэ.

Фи лицевой счетым теухуауэ упщIэ фиIэмэ, 8-800-700-64-12; 42-56-29 номерхэмкIэ фыкъэпсалъэ, regoperator.07@mail.ru электроннэ почтым фыкъатхэ, ди хэщIапIэу Налшык къалэ, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А-м фыкъекIуалIэ. КъищынэмыщIауэ, ди IуэхущIапIэ ехьэлIа хъыбарыщIэхэм фыщыкIэлъыплъыфынущ https://t.me/kapremont07 телеграм-каналым.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.489 Заказыр №2646

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А